ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЫДОКІ

№102 (22.510) ● 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Сенаторыр зеиншэхэм ялъогъуазэ

● Гулъытэ

УФ-м и Федераль ЗэхуэсымФедерацмкІэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыбгъдэкІыу хэт Бечелов Ильяс иджыблагъэ щыІаш сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэІэ щІэмытыжу кьэна сабийхэмрэ щапІыж интернату Бахьсэн районым хьихъ Кременчут-Константиновскэ кьуажэм дэлъ.

А ІУЭХУЩІАПІЭМ иригъэжІуэкІ лэжьыгъэм, сабийхэр зэрырагъаджэмрэ зэрапІымрэ сенаторыр, «Урысей зэкъуэт» партым, Урысейпсо сабий фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм я лІыкІуэу абы щыгъуазэ ищІащ интернатым и унафэщІ Кунашев Арсен.

«Иджыпсту ди деж сабий 46-рэ щопсэури, зыхуей хуоз, ди лэжьакІуэхэм гульытэ хэха хуащІ ищІащ интернатым и унафэщІ Кунащ Арсен.

«Иджыпсту ди деж сабий 46-рэ щопсэури, зыхуей хуоз, ди лэжьакІуэхэм гульытэ хэха хуащІ ищІащ интернатым и унафэщІ Кунашковскэ Татьянэ зэрыкІэмкІэ, партым и фракцэу Парламентым щыІэм хиубыдэ депутатхэм иджыблагъэ Саратов областым и сымаджэщхэм ящыщ щыгъэхъужьын папщІэ зы сабий ягъэкІуаш. Партым и лЫкІуэхэр щІэх-щІэхыурэ интернат дежапІэхэм макІуэ икІиахьшэкІэ зыщІаГъэкьуэ.

АЛОКЪУЭ Ариноэ.

● Дыгъуасэ

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м кьыз зральхурэ ильэс 85-рэ ирокьу КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Нало Заур, КъБР-м и Правительствэм и деж кьыщІэзгъэнэщащ Нало Заур и фэеплъыр хьумэныжрэ абы и щІэныгъэ, литературэ щІэныр зыхуей хуэгъэзэныжкІэ гуп щхьэхуэ.

Нало Заур и вагъуэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Портэ Галинэ зи пашэ гупым хэтщ республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Семэн Пщыкъан, Щыхубэ хьыбарегъащІэ ІуэхущапІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ министр Къумахуэ Мухьэдин, Бизнесымкі Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор Хьурей Феликс, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьащхьэ Хьэфыцэ Мухьэмэд, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и лэжьакІуэхэу Гъут Іэдэм, Тымыжь Хьэмыцэ, нэгъуэщІэхэри.

Гупым и яп зэхуэсым унафэ щащІащ Нало Заур и фэеплъ пшыхьыр мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ирагъэкІуэкІыну, апхуэдэу абы ирихьэлІэу зэхашэнущ тхафэу, щІэныгъэлІ цэрыІуэм хуэгъэпса конференц. Абы кьищІэнымышІауэ, Налом и фэеплъ еджэныгъэхэр ильэсищ кьэс зэ ирагъэкІуэжыну кьыхалъхащ.

Нало Заур кьызэральхурэ ильэс 85-рэ щрикъу махуэм, республикэм и «1 КъБР» телерадиокомпанием тхакІуэ цІэрыІуэм теухуа документальнэ фильм кьытынущ, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьыдэкІыгъуэ щхьэхуэ триухунэщ.

ДызыхуэкІуэ ильэсищым кьэриубыдэу зэфІагъэхьыжкІ хуеІуэ кьалэн пшыхьэр зыхуагъэзувыжащ гупым хэтхэм. Апхуэдэу 2014 гъэм тхакІуэр щыпсэуа, Горькэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №15-м фэеплъ пхъэбгъу фІадзэнущ, Заур кьыщалъхуа Хьэтуей жылэм абы и бюст кьыщызэІуахынущ 2015 гъэм ирихьэлІэу. 2014 - 2016 гъэхэм «Эльбрус» тхыль тедзапІэм кьыдигъэкІынущ Налом и тхыгъэ кьыхэхахэр зэрыт томищыр. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым игъэхьэзырынущ абы и щІэныгъэ лэжьыгъэ кьыхэхахэр щызэхуэхьэсыжа, томитІ хьу кьыдэкІыгъуэр. Сабийхэм папщІэ игъэхьэзырауэ щыта «Щэнгъасэр» кьыдэкІыжынущ, абы и гъусэу дунейм кьытехьэнущ а тхылым и 2-нэ Іыхьэр. А псом кьищІэнымащІауэ, я мурадщ, иджыри кьэс щІэджыкІакІуэхэм ямылъэгъуауэ. Нало Заур и Іэдакъэщ щІэхьыфІкэр урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ зэрыт тхыль 2015 гъэм ирихьэлІэу дунейм кьытрагъэхьэну.

Гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ Нало Заур и цІэр Налашк кьалэ, Хьэтуей, Анзорей жылэхэм я уэрамхэм ящыщхэм яфІэщыным, апхуэдэуи тхакІуэм и фэеплъ гъэувыным.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ унэ ныкъуэкъутэхэм 2013 - 2015 гъэхэм цІыхухэм къыщІэгъэЗэпхъуКІыныр» республикэ программэ пыухыкІам и Іуэхуфі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм накъыгъэм и 7-м *№137-ПП*

«ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щрагъэкІуэкІ реформэм зыщІэгъэкъуэныжкІэ фондым теухуауэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Федеральэ зэпхыныгъэм и щІыкІэм «Урысей Федерацэм и цІыхухэр псэупІэ езэгъыраб гъуэхэмкІэ, тыншыпІэ псори зиІэхэмкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къэІэтыныжкІэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м кьыдигъэкІа Указ №600-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Мы Унафэм щыгъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр 2013 - 2015 гъэхэм унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІэгъэЗэпхъуКІыныр» республикэ программэ пыухыкІар къэштэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкі Іэ и министерствэм (КІэрэф М.А.) хуэгъэзувын «2013 гъэм, апхуэдэу 2014, 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІынырэхэр щыхалъхьэкІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис цІыхухэр 2013 - 2015 гъэхэм унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІэгъэЗэпхъуКІыныр» республикэ программэ пыухыкІар гъэзэщІэным текІуэдэну ахьшэр кьыцІыстэн.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм КІэлъыплъыну и пщэ ильхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ МАРЬЯШ Ириноэ

Къэрал хъужыр дэракъэ-тІэ?

«Хамэ сабий щыІэкъым» псапащІэ телемарафоныр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м. Мы Іуэху гуапэр абы иджы еплІанэрэ кьыззегъэпэщ.

ХАБЗЭ дахэ хъуауэ, псапэ зыпыльэ Іуэхум кьыхохьэ къэрал, жылагъуэ дэжьакІуэхэр.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, мыпкъу зэхэдзэ ящІымкІэ сабий ныкъэдыкьуэхэм, зыхуей хуэмызэхэм ядоІэпыкъу. Мы зэм сом 574.384-рэ кьыхэкІащи, сом мин 200-мкІэ зыщІагъэкъуэнущ Лашынкъей щыщ, зи узыншагъэр егъэфІэкІуэжьын хуеІуэ кьызыпэщыт Къамгъуэт Айдамыр щыкІу, апхуэдэуи Зеикъуэ кьуажэм дэт школ-интернатым щыІэхэм папщІэ ахэр зыхуей хьэпшыпхэр кьащхэхуащ. Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм абы нэхъ тыгъэ ІъапІэ щыІэ?!

Кьыхэгъэщыпхъэщ: нэгъабэ мыпхуэдэ марафоным кьыхэкІа сом мин 330-мкІэ сабий сымаджищым ядэІэпыкъуащ (Приказчиков Тимур, Емгъэхь Марие, Кайдаш Полинэ), Зеикъуэ, Нартан дэт школ-интернатэхэм техникэ, хьэпшыпэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуащащ. Зыщ1агъэкъуащ Лашынк сабий унэ-интернатымрэ «Нэмыс» центрымрэ щыІэ цІыкІуэхэми.

Мыгъэрей псапащІэ Іуэхур щекІуэкІар Профсоюзхэм Щэнхабзэмкі я унэрщ. Зеикъуэ кьуажэ дэт школ-интернатым щыІэ цІыкІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІа хьэпшыпэ, сурэт куэдыкІей зэщІэлыдау абы щыпсэльхьурт. ЦІыхухэм ахэр псынщІэу зэбграхащ, я гум кьыбгъэдэкІыу абыхэм хуащІа уасэхэри Іуэхум хаГъхьащ. Парламентым, Правительствэм я лЫкІуэхэр, газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, налшыкдэсхэр... сабийхэм папщІэ зигу кьиузыкІ куэд Іуэхум хэтащ.

- Мы Іуэхум зыщІыхуэдгъэхьэзырКІэ гулъытэ хэха зыхуэтщІыр нэхъыбэ дыдэу ди щІэгъэкъуэн хуэныкъуэ сабийхэрщ, - жиІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ**. - ЕдгъэкІуэкІ Іуэхум мы гъэм пытща къудейкъым, атІэ «Хамэ сабий щыІэкъым» зыфІэтща псапащІэ фонд кьызэІутхащи, дыщогуть ди цІыхухэм ягу дынэсу, зэгъуэгу сабий сымаджэхэм щІэгъэкъуэныфІ дахуэхъуну. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ куэрэтхэмкІэ и министерствэм дыдолажьэри, я узыншагъэкІэ апэу дызыдэІэпыкъун хуей цыкІухэм я щІэунэщІэхэр абы кьыщыджаІэ. Си фІэщ мэхьу ди республикэм щыпсэуХэр зэрыщІыхуу гуапэхэр, гу зэІуха зэраІэр, псом хуэмыдау сабийхэм хуаІэ ІъагъэныгъэР зэрыныр. Псоми фЫщІэшхуэ яхуэощІ я мыпкъу, я кьаруу, я зэман емыблэжу мыпхуэдэ Іуэхуэхэм кьызэрекІуалІэм щхьэкІэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенко Татьянэ** кьыхигъэщащ: «Дэращ зи кьалэныр сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зи Іэпхъ-ІъапкъымсэкъатІ иІэхэм зыкъаужьыкьынымкІэ лэжьыгъэ зэфІэзыхьыну. Абыхэм я гъащІэр зыхуэдэнур зэІуатар ди гупытэрщ. Дыхуэсакъыпхъэщ дэтхэнэми и узыншагъэм. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу зи узыншагъэр мыгъэмэм сабий 4056-рэ. Пэжщ, мащІэкъым, ауэ псоми ди гуащІэ зэхэтлъхьэу я цІыкІуэхэм сэбэн дазэрыхуэхьуфыным и уэкъ дигьын хуейщ», - жиІащ Татьянэ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Хьэсанэ Руслан** кьыззэрыхигъэщамкІэ, щогуфыкІ республикэм и цІыхухэм гуапагъэ я гум зэризым. «ДэІэпыкъуэгъу хъун хуейр кьэралырщ, щыжаІэм и деж сэ сызэгупсысыр зыщ: къэрал хъужыр дэракъэ-тІэ, цІыхубэр аракъэ?!», - жиІащ Хьэсанэ Руслан.

БАГЪЭТЫР Іунэз.

● Нобэ

Лъэпкъым и лъапІэ

Бещтокъуэ Хьабас и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу

ЛІэщІыгъуэм и усакІуэ хужьпІэ хъунущ абы, дэ зы лІэщІыгъуэм дызэрыщыпсэум тепщІыхьу. Ауэ Хьэбас и усэхэр лІэщІыгъуэм хэкІуэдэжьн тхыгъэхъым. Абыхэм адыгэпсэр ягъэгушхуэнущ, ягъэпІейтеинущ ди лъэпкъыр дунейм тетыху, усыгъэм еджэн щыІэху.

1969 гъэм кьыдэкІа и яп тхылъым кьыщыщІэдзауэ, Бещтокъуэм и лэжьыгъэм ухІэлъапІпІэмэ, абы усэр зи щІасэхэр зэи игъэщІэхъуакъым, я гумрэ я псэмрэ кьаІтыгъуэр а тхылъхэм кьыщагъуэтащ. Аращ Хьабас адыгэ усыгъэм зезыгъэузэщІа тхакІуэу кьыщІэлъытапхъэр.

Абы и лъагъуныгъэ усэ щабзэхэм зы щІэбзэкъым щІэдкьыкІар. Бещтокъуэм Хэкумрэ анэдэлъхубзэмрэ ятеухуауэ жиІэфамрэ гуузэ-лыуэу кьиІуэтэфамрэ кьаГъэлъагъуэр «лъэпкъым и напэ» жьыхуаІэ усакІуэу зэрыщытырщ.

Бещтокъуэ Хьабас щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхущ. Ар Москва къэрал университетым и журналистикэ факультетым, аспирантурэм зэрыщеджам зымащІэкІэщ зэрыпхуэпхынур, сыту жьыпІэмэ еджапІэ узыщІэсар арагъэнукъым нэхъыщхьэр, атІэ еджэным унугу хуэІухауэ щытыныр, упсэуу тхылъыр уи Іэпэгъуныр, Бещтокъуэм и зэманыр щІимыкІыр, уеблэмэ а зэманыр кьызэринэкІыу щІэжьжьаплъэр щІэныгъэрэ гупсысэрэ бгъэдэлъщи аращ.

Хьабас усакІуэ кьудейкъым, ар публицистщ, лъэхъэнэм и гъуджэм дыбгъэдэшІэу абы фІырэ Іенуэ кьищыр дэзыгъэлъагъущ. И нэр зыхуиуфІыщІын гуэрхэр зыпгъагъуэ езым усакІуэр щигъэкъуаншэ кьэхъущ, аущ ари уэмм щІэпщІын щыІэкъым: кьалэныр зыІэщІэлъыр а псом хуэхьазыру щытыпхъэщ.

Лъэпкъыр кьызэращІэр, цІэрыІуэ зыщІыр и псэукІэм акъылрэ дахагъэ хэлъымрэ нэгъуэщІхэм яфІэгъэщІэгъуэныну кьинтэщІыкІыр. Адыгэ литературэм нобэ игъэтэ зыуужьыныпхъэр зи фІыщІэхэм ящыщ Бещтокъуэ Хьэбас лъэпкъыр ирогушхуэ.

УсакІуэ гъуэзэджэм дохъуэхъу гъащІэм гу щихуэну, кьызыхэкІа лъэпкъым, ди щІыналъэм я ехъулІэныгъэ кьуэ иІыгъуну.

КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащІэ ІуэхущапІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ, Щэнхабзэмкі и министерствэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іащхьэмахуэ», «Іуг» журналхэм я редакцэхэм, ВТК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГУ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м я лэжьакІуэхэр.

(Фыкъеджэ 3-нэ напэкІуэцІым).

Фортов Владимир дзыхь ирагъэз

● Къулыкъу

ХЬЫБАРЕГЪАЩІЭ ІуэхущапІэхэм нэхъ ялэкІэ кьызэратащи, накъыгъэм и 28-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 1-м нэсыху Москва щекІуэкІащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и зэІущІэшхуэ. Къэралым и щІэныгъэ ІуэхущапІэ нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетым едэІуа ноужь, щІэныгъэлІхэм хахащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и президиумыр. Академием и Президент къулыкъур хуагъэфэщащ дуней псом кьыщацІыху еджагъэшхэр, академик Фортов Владимир.

ЩІэныгъэм зегъэужьыныжмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а зэхьхьэм ди республикэм и цІэкІэ хэтащ Урысейм �щІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩІэныгъэ центрым и тхьамадэ, а щІэныгъэ центрым информатикэмрэ щІыналъэ ІуэхухэмкІэ и институтым и унафэщІ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Петр, Урысейм �щІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и тхьэмадэм щІэныгъэ Іуэхухэмкі и къудамэ, филологиемкІэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Улаков Махъты, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым къурш щыналъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и член-корреспондент, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Тембот Фатімэ, Урысейм �щІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Нэхущ Викторие, Урысейм �щІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ.

КЪУДЕЙ Борис.

Хэхыныгъэхэм хэтын щхьэкІэ

Москва кьалэм и Іэтащхэ Собянин Сергей жиІащ и кьулыкъым текІыну зэримурадыр.

Апхуэдэ чэнджэщ нэхъапэ ІуэкІэ абы иратауэ щаташ кьалащхьэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм, и кандидатурэр мы гъэ бжьыхьэм екІуэкІыну зи мычэзу Іэтащхьэ хэхыныгъэхэм кьыщигъэльэгъуэн щхьэкІэ.

ХьыбарегъащІэ ІуэхущапІэхэм кьызэратамкІэ, Правительствэм и Унафэщі Медведевымрэ Собяниным и Іуэхум тепсэлъыхьащ.

«Сэ, «Зыуэ щыг Урысейм» и унафэщым, партым кьыддыхэт Собяниным сохъуэхъу хэхыныгъэхэм щытекІуэу, кьалащхьэм и Іэтащхьэ хьуну», - жиІащ премьер-министрым журналистхэм.

Псыдзэм пэщІэтхэр

Европэм и къэрал зыбжанэм мы махуэхэм ушыхьшхэу зэрыщеныхьм и зэранкІэ псыдзэр кьиуауэ, цІыху куэд гугъу ирегъэхь.

Щынагъуэ нэхъ зыщхьэщыхьаэхэм ящыщ Германиер, Чехиер, Австриер. Абыхэм псыдзэ зыщІэуа щыналъэхэм щыху минхэр кьрагъэЗэпхъуКІын хуей хъуащ. Я нэпкъхэм кьыдэкІащ Эльбэ, Дунай, Влтаво псыхэр.

Германием и Саксоние, Баварие, Баден-Вюртемберг щыналъэхэр ящыщщ хэщІыныгъэ нэхьыбэ зыгъэтахэм.

Псыр псом хуэмыдау щыеташ Чехием и кьалащхьэ Прагэ. Абы, зэкІэ кьызэратамкІэ, цІыхуих щыхэкІуэдащ, тхум я хьыбар ящІэркъым. Кьалэм и уэрамхэм псыр апхуэдизкІэ щыкуущи, кхъуафэхьейкІэ фІэкІа ушыхьэкІуэ хъуркъым, уеблэмэ цІыхухэр унащхьэхэм дэкІуеин хуей хъуащ, псыдзэм зыщащхьэмэ щыхьэкІэ.

Австриеми Таксенбах кьалэм пэмыжьжьэу псым бгы Іыхьэ кьыщыгуигъэури, ятІэпсыр кьежащ икІи абы щыху 200 кьыдамыщу хьуакъым. А жылагъуэм щыщ щыхуитІ кІуэдауэ ягъуэтыжыркъым.

Дуней щытыкІэм кІэлъыплъхэм кьызэральытэмкІэ, а кьэралхэм махуэ зыбжанэм кьриубыдэу ушыхьу кьыщІэхащ мазитІым кьеІух хабзэм хуэдиз.

Кьэрал унафэщІхэм Іэмалу щыІэр кьагъэсэбэн я цІыхухэм ядэІэпыкъунымк хуэунэтІауэ. Кьегъэлажьэхэм я мызакъуэу, абыхэм Іуэхум кьыхащащ дзэм хэтхэри техникэ лъэщхэри.

НОБЭ

◆ **Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным и дунейпсо махуэщ**

◆ **Урысейм и экологым и махуэщ**

◆ Дание Пащтыхьыгъуэм щагъэлъапІэ Конституцэр кьыщыгта (1849 гъ.) махуэр.

◆ Журналист, тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бекъан Чыланий** и ныбжьыр ильэс 87-рэ ирокъу.

◆ Адыгей усакІуэ **Хьунэгу Нурэ** кьыщалъхуа махуэщ.

◆ УФ-м щІыхь зиІэ и псыщІэгъэлъадэ **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр ильэс 74-рэ ирокъу.

◆ Радиожурналист **Кьудей Лидэ** кьыщалъхуа махуэщ.

◆ Шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр ильэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариноэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Джыдащхьэр кІуэдмэ, джыдэкІыр ягъэсыж.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапі Іэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЩІэныгъэлІ пажэ

● ПщІэ

Хъубий Башир Билал и къуэр сэ къыщысцІыхуар 80 гъэхэм я пэщІэдзэщ, Къэбардей-Балъкъэр щІэныгъэкъохутакІуэ институтым и парт организацэм и секретару щыслахарщ. Сэ КПСС-м и обкомым срисекретарти, институтым кІуэдрэ сыкІуэрт, я зэхуэсхэм сыхэтт. А лъэхъэнэм институтым и Іульджыр лъагэт. Ар кьрибгъэтъегъуэну урикъунщ абы щыгъуэм а институтым щылэжьахэм я цІэхэр: Гугу Рашад, Іульдж Іустыр-хъан, Мамбэт Хьэлым, Шортэн Аскэрбий, Пало Заур, Темыржан Владимир, Хьэщхьуэжь Ранэс, Гузеев Жэмал сыиэ, нэгъуэщІхэр. Институтым и унафэщІыр политикэ, къэрал лэжьакІуэ щІэныгъэхэм я доктор Хутуев Хьэнэфийт. Ахэр псори, щэч хэмылъу, партым хэтт, ныбжьыкІэ щІалэ парт секретарь жьджэрым и нэІэ щІэту. Хъубийм гупыр кьыззэщІгъэУІэфырт, щІэныгъэлІхэр лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт, эрихьэлІэ лъэпощхьэпохэрри гуп гъэхьыщІу кьыззэринэкІыфырт. Пэжыр жысІэнщи, унгу дэмыхьэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Башир и гу кьабзагъэр, щІыхуэм щабэу зэрахущытыр, сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кьыззэрыхунгъэтыр.

КЪЭРАЛЫМ зэхъуэкІыныгъэхэр кьыщыщыхъу иІэсехэм жылагъуэ зэщІэхъееныгъэхэр къэунэхуащ, лъэпкъ Іэхъу зэрахуэу. Апхуэдэ зэгухэмыгъэхэм я унафэщІхэр хущІэкъуртт щІэныгъэ, творческэ интеллигенцэр, псом иІэ институтым и лэжьакІуэхэр я Іуэхухэм хашэну. Псом я дежкІи зэман гугъут ар. Мис а гъащІэ гъуэгуанэ пычыгъуэр екІуэр-ещхьу кьызэрихьэкІащ Башир, парт къалэнхэр кьызыхуэтыншэу иГъэзащІэу. А гутыдехьхэм зэгъэсу дыхэтащ, апхуэдэ щытыкІэм деж уи зэхуакъ кьыдахъуэ зэныбжьыгъугъэр куэдрэ уи Іэпэгъэщ.

90 гъэхэр къэсащ. СССР-р щыкъутэжьым, лэжьапІэ Іэнатіэкэр зэрызэрэтеувыІам гугъуехь куэд кьишащ: щІыхуэхэм я псэукІэр екІэкІуащ, ябгъэдэхь мыпхьу еГъытауэ щІыхубэр зэхэщхьэхьухькІ хъуащ. Апхуэдэ Іуэхухэм мыхьымыщІагъэ куэд кьыхуахьащ урысей жылагъуэм.

Мыпхьу и лъэныкъуэкІэ щыІэ гутыдехьхэм емыпытауэ, щІыхуэм Іуэхутхьэбзэ щІыхуащІэ Іуэхущ Іапіэхэр, ныбжь зиІэхэм, дэІепкІыкъуэгъунщэу къэнахэм папщІэ унэхэр кьызэІуахьырт. Абы-хэм дызделэжьым гугъуехьышхуэ кьыштхьыкІыжащ - Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэмэ щыхуеДжэу.

Абы лъандэрэ илъэс 20 дэкІащ. А зэманым кьурибыдэу Іэщ Іагъэл 2487-рэ ягъэхьэзыращ, щІыхуІ3-м министру сылажьэрти, КъБКъУ-м и ректор Лъостэн Владимир чэнджэщ естащ социальнэ лэжьыгъэмкІэ Іэщ Іагъэлхэр щагъэхьэзыр Унафэщ Іэзэм си псалъэхэр зэхищІыкІри, Іуэхум и хэкІыпІэр кьэтІтьыхьуэу дызэпсэльащ икІи, зы гупсысэм дыщыхуэкІуэм, зэгурыІуэныгъэм Іэ щІэддзащ. Лъостэныр УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым епсаГъэщ, сэ КъБР-м и Президент КІуэкІуэ Валерэ сыгурыІуэри, КъБКъУ-м социальнэ лэжьакІуэхэр щагъэхьэзыр кьудамэ кьыщызэІутхащ. Абы лъабжьэ хуэхьуар юридическэ факультетрат. Аущ зэтедухуэ Іуэхур и кІэм нэсу зэфІэкІа хъун папщІэ, кафедрэ щхьэхуэ кьызэдгъэпэщу, унафэщІ тэмэмэ кьэдгъуэтын хуейт. Абдежым сэ сигу кьэкІыжащ политологиемкІэ кафедрэм и унафэщІ Хъубий Башир - арат кьызэІутхьыну кафедрэр зи Іэмыщ Іэ итІтьхэну нэхъ зыхуэфащэр. Зи гугъу сщы пльхъэнэр университетым лэжьыгъэІэ щІэзэгриубГэ зэманым ирихьэлІат, институт щхьэхуэхэр кьызэІуахьырти, КъБКъУ-м и ректор Кьарэмырзэ Барэсбий и гуащІэ хэтщ. Социально-гуманитар институт кьызэрагъэпэщащ, «Социальнэ лэжьыгъэ» Іэщ Іагъэмэ щыхуеДжэу.

Абы лъандэрэ илъэс 20 дэкІащ. А зэманым кьурибыдэу Іэщ Іагъэл 2487-рэ ягъэхьэзыращ, щІыхуІ3-м щІэныгъэхэм я пэщІэдзэщ, Къэбардей-Балъкъэр щІэныгъэкъохутакІуэ институтым и парт организацэм и секретару щыслахарщ. Сэ КПСС-м и обкомым срисекретарти, институтым куэдрэ сыкІуэрт, я зэхуэсхэм сыхэтт. А лъэхъэнэм институтым и Іульджыр лъагэт. Ар кьрибгъэтъегъуэну урикъунщ абы щыгъуэм а институтым щылэжьахэм я цІэхэр: Гугу Рашад, Іульдж Іустыр-хъан, Мамбэт Хьэлым, Шортэн Аскэрбий, Пало Заур, Темыржан Владимир, Хьэщхьуэжь Ранэс, Гузеев Жэмал сыиэ, нэгъуэщІхэр. Институтым и унафэщІыр политикэ, къэрал лэжьакІуэ щІэныгъэхэм я доктор Хутуев Хьэнэфийт. Ахэр псори, щэч хэмылъу, партым хэтт, ныбжьыкІэ щІалэ парт секретарь жьджэрым и нэІэ щІэту. Хъубийм гупыр кьызэщІгъэУІэфырт, щІэныгъэлІхэр лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт, эрихьэлІэ лъэпощхьэпохэрри гуп гъэхьыщІу кьызэринэкІыфырт. Пэжыр жысІэнщи, унгу дэмыхьэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Башир и гу кьабзагъэр, щІыхуэм щабэу зэрахущытыр, сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кьызэрыхунгъэтыр.

Хъубий Башир

КЪЭРАЛЫМ зэхъуэкІыныгъэхэр кьыщыщыхъу иІэсехэм жылагъуэ зэщІэхъееныгъэхэр къэунэхуащ, лъэпкъ Іэхъу зэрахуэу. Апхуэдэ зэгухэмыгъэхэм я унафэщІхэр хущІэкъуртт щІэныгъэ, творческэ интеллигенцэр, псом иІэ институтым и лэжьакІуэхэр я Іуэхухэм хашэну. Псом я дежкІи зэман гугъут ар. Мис а гъащІэ гъуэгуанэ пычыгъуэр екІуэр-ещхьу кьызэрихьэкІащ Башир, парт къалэнхэр кьызыхуэтыншэу иГъэзащІэу. А гутыдехьхэм зэгъэсу дыхэтащ, апхуэдэ щытыкІэм деж уи зэхуакъ кьыдахъуэ зэныбжьыгъугъэр куэдрэ уи Іэпэгъэщ.

90 гъэхэр къэсащ. СССР-р щыкъутэжьым, лэжьапІэ Іэнатіэкэр зэрызэрэтеувыІам гугъуехь куэд кьишащ: щІыхуэхэм я псэукІэр екІэкІуащ, ябгъэдэхь мыпхьу еГъытауэ щІыхубэр зэхэщхьэхьухькІ хъуащ. Апхуэдэ Іуэхухэм мыхьымыщІагъэ куэд кьыхуахьащ урысей жылагъуэм.

Мыпхьу и лъэныкъуэкІэ щыІэ гутыдехьхэм емыпытауэ, щІыхуэм Іуэхутхьэбзэ щІыхуащІэ Іуэхущ Іапіэхэр, ныбжь зиІэхэм, дэІепкІыкъуэгъунщэу къэнахэм папщІэ унэхэр кьызэІуахьырт. Абы-хэм дызделэжьым гугъуехьышхуэ кьыштхьыкІыжащ - Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэмэ щыхуеДжэу.

Абы лъандэрэ илъэс 20 дэкІащ. А зэманым кьурибыдэу Іэщ Іагъэл 2487-рэ ягъэхьэзыращ, щІыхуІ3-м щІэныгъэхэм я пэщІэдзэщ, Къэбардей-Балъкъэр щІэныгъэкъохутакІуэ институтым и парт организацэм и секретару щыслахарщ. Сэ КПСС-м и обкомым срисекретарти, институтым куэдрэ сыкІуэрт, я зэхуэсхэм сыхэтт. А лъэхъэнэм институтым и Іульджыр лъагэт. Ар кьрибгъэтъегъуэну урикъунщ абы щыгъуэм а институтым щылэжьахэм я цІэхэр: Гугу Рашад, Іульдж Іустыр-хъан, Мамбэт Хьэлым, Шортэн Аскэрбий, Пало Заур, Темыржан Владимир, Хьэщхьуэжь Ранэс, Гузеев Жэмал сыиэ, нэгъуэщІхэр. Институтым и унафэщІыр политикэ, къэрал лэжьакІуэ щІэныгъэхэм я доктор Хутуев Хьэнэфийт. Ахэр псори, щэч хэмылъу, партым хэтт, ныбжьыкІэ щІалэ парт секретарь жьджэрым и нэІэ щІэту. Хъубийм гупыр кьызэщІгъэУІэфырт, щІэныгъэлІхэр лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт, эрихьэлІэ лъэпощхьэпохэрри гуп гъэхьыщІу кьызэринэкІыфырт. Пэжыр жысІэнщи, унгу дэмыхьэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Башир и гу кьабзагъэр, щІыхуэм щабэу зэрахущытыр, сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кьызэрыхунгъэтыр.

ТхакІуэр ягъэлъапІэ

● ЗэІущІэхэр

Гъуэздджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Урысейпсо щІэныгъэ-теорие конференц щекІуэкІащ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, ЩІДАА-м и щІэныгъэлІ-секретарь, УФ-м и ТхакІуэхэмрэ и Журналистхэмрэ я союзхэм хэт ТхакІуэ Іуэхуэ и ныбжьыр илъэс 70 зэрыриКъуэм и щІыхькІэ. Зэхьыхьэр кьызэрагъэпэщащ УФ-м ЩІнхабзэмкІэ и министерствэмрэ Гъуэздджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ институтымрэ.

Институтым и ректор, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Рахаев Анатолэ** конференцыр кьыщызэІуихым жиІащ Тхьэзэпль Хьэсэн и тхыльхэр гъащІэм зэрыпІэджжжыр, ар усакІуэ къудей мыхьуу, щІэ гуэрхэр кьызыгупсыс Іэщ Іагъэлу зэрыщытыр, патент зыбжанэ зэрилъэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхьуркъуэ Хьэутий** Хьэсэн зэрыцІыху гумызагъэр, и лэжьыгъэфЫм республикэр зэрыригушхуэр кьыхигъэща ныжь, екъуалІэныгъэ инхэр дяпэкІи иІэну, узынщагъ, насып и куэдыну Хьэсэн ехьэхьэри, ДАХ-м и ЩІыхь тхылъыр иритащ.

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитныныгъэр хьэмэныкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** жиІащ Хьэсэн и тхыгъэ Хэкум, гъащІэм, лъагэныгъэм, лъэпкъ зэныбжьыгъугъэм, цІыхухэм я зэхущытыкІэм теухуахэм гупсысэ куу зэращІэлъыр, и усхэм республикэм и композиторхэм макъамэхэр зэрыхуатхар, уэрэджыкІуэ цІэрыІуэхэм ахэр зэрагъэзащІэр. Ар Хьэсэн гуапэу ехьэхьэри, зи унафэщІ Іэхъущ Іапіэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь тхылъыр тыгъэ хуищІащ.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и филологие факультетым и унафэщІ **Кузнцевэ Еленэ** тепсэльыхьащ Тхьэзэпльм и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыкупщІафІэм, зэрышэрыуэм, зэрыщІэщыгъуэм, а тхыгъэхэм ди литературэм хуэфащэ увыпІэ зэрыщаубыдам, дапщэщи зэрыгукъинэм. Абы жиІащ «рубаи»-кІэ зэджэ сатыр пІырыпІ усэ кІэщІхэр цІыхухэм гунэс зэращІыхьыр, Хьэсэн и фЫгъэкІэ, а жанр хьэлэмэтыр ди литературэми зэрыщІэзфІэувар.

ГъуэздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и доцент, культурологие щІэныгъэхэм я кандидат **ШаузэНыкІу Людмилэрэ** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал институтым и Іэщ Іагъэлі нэхъыжь, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Альхъэс Светланэрэ** я псалъэм кьыхасэщащ Тхьэзэпльым и тхыгъэхэм философие, гупсысэ куу зэращІэлъыр.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбардей-Балъкъэр Къэрал институтым ІуэрыІуатэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Гъут Іудэм** жиІащ Хьэсэн тхылъеджэхэм я гум зэрыдыхьэр, дахагъэм, гуапагъэм ахэр кьызэрыкупсэушыр, и усэхэм тригъэкІуадэ зэманыр пщІэнщэ зэрыщыхьэр.

УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, ГъуэздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и егъэджакІуэ **Жьлэтеж Сэлэдин** жиІащ и ныбжьэгъу Хьэсэн зэрыцІыху гъэщІэгъуэныр, нэжэгужэр, гу кьабзэ, псэ хьэлэл зэрилэр, и тхыгъэхэр зэрыщІыщыгъур. Сэлэдин Хьэсэн ехьэхьэуащ узынщагъэ, ехьулІэныгъэ иІэну.

УсакІуэ **Беппаев МутЩэлиб** и псалъэр триухуащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ кьалэныр Хьэсэн дзыхь зэрыхуащІ лъандэрэ ар куэдкІэ зэрефІэкІуам, лъэпкъ литературэхэм я фІыпІэр, урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ абы щІэх-щІэхыуэ кьызэрытехуэм, тхакІуэхэм, усакІуэхэм я гуащІэм пщІэ зэрыхуищІым.

ТЕКІУЖЬ Зареті.

● Псапэ

Сабийхэм я лэгъупыкъу

«Сабийхэм я лэгъупыкъу» фІэщыгъэм щІэт социальнэ проектым ипкь итКІэ, ЩІэдзэм районым щыІэзэхэт «Ныбжьыщ ІэгвардиІ» зэгухьэныгъэм хэтэкІ щыІащ сабий гематологиемрэ онкологиемкІэ центрым.

А ПСАПАЩІЭ Іуэхум и кьалэн нэхъыщхьэу щытащ лЫых уэхфэр зыпкърыт щыкІуэхэм я Іуэхур гугъапІэншэу зэрыщымытыр кьагурыгъэІуэныр. Кьапщтэмэ, мы центрым кьеГъэбдыдыІауэ щыта сабийхэм я процент 60-р нужьрей илъэси 5-м кьриубыдэу ягъэхьужащ.

НыбжьыщІэхэр щыкІуэкІ яхуэунэсащ зэрыдджэгу ныбжьэгъу хьэпшынэмкІэ. Апхуэдэу зэгъэусэу блын гъэзет ягъэхьэзыращ, «Сабийхэм я лэгъупыкъу» проектым и мыхьэнэ теухуа тхыгъэхэр кьызытекІуэхьа щыІыдуэм хуагъэхьэзыра хьуэхьуэхэмрэ иту.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

● Тэрч щІынатІэ

Япэ игъэщыпхъэхэр

Тэрч район администрацэм игъэбелджылащ мы зэман гуэнэгъум зэфІэкІэныр хуейуэ къапэщылъ къаланэхэр.

ІУЭХУГЪУЭ пэрытхэм ящыщу къагъэлэгъуащ щІыпІэм ит ЩІэнхабзэмкІэ унэ щхьэхуэхэр зэгъэпэщыжьын, Тэрч къалэ дащІыхь спорт комплексым и ухуэныгъэ кьызэтеувыІам пыщІэжьын зэрыхуейр.

Япэ игъэщыпхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ къэрал программэм ипкъ итКІэ Тэрчыпсым и Іуфэхэр гъэбыдэнри. Апхуэдэу иджыпсту нужь итщ Джылахъстэнейм хуабэщхэр щыщІыным. Мы Іуэхур кьыдаІыгъыну КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм зэгурыІуэныгъэ иращІыЛІэну я мурадщ.

Футбол, волейбол дзэгупІэхэр жылагъуэ къэс кьыщыхъуІуахынущ. Мы лъэхъэнэм йоужьэрэкІ сабийхэм зыщагъэпсэхуну щІыпІэхэр зыхуей хуэгъэзэным.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Хэт сыт хъуну хуей?

Мэкъумэш ІэщІагъэхэр къыхыдох

Налшык дэт «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным и хэщІапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІущІэ купщІафІэ. Концерным и генеральнэ унафэщІ ІутІыж Арсен, Къэбардей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Щ Іыхьмыр-зэ Мухьэмэд, а еджапІэ нэхъыщхьэм ветеринарие медицинэмкІэ и факультетым и декан Тэрчокъуэ Тимур сымэ яхуэзащ ІутІыж Борис и цІэр зезыхьэу Зэрэгъыж къуахэм дят курыт школым и еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. ЗэІущІэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт ныбжьыщІэхэр мэкъумэш ІэщІагъэхэм дегъэхьэхьэныр, аращ «Дыщэ щхьэмыжым» и Іэщ комплексымрэ абы кьепхуа ІэнатІэхэмрэ зэщигъэпІэныхьэныр.

ЗЭХУЭСЫР кьызэІуихащ ІутІыж Арсен. И къуажэгъу ныбжьыщІэхэр абы щыгъуазэ ищІащ езым и гъащІэ гъэзагуанэм, иджыри щІалэу мэкъумэш ІэщІагъэхэм дихьэхауэ зэрыщытам, иужькІэ ар ІэщІагъэу кьызэрыхихами тепсэлъыхьащ.

- Мы зэманым, зэрынэрыльагъущи, хуабжьу зеужьыж мэкъумэш ІэнатІэм, абы кьыдэкІуэу мэкъумэш ІэщІагъэхэм хуеджэну хуеИхэри нэхъыбэ мэхъу. Урысей Федерацэр Дунейпсо Сату Зэгухьэныгъэм (ВТО) зэрыхьхьам, кьежьа инноваци технологиехэм, мэкъумэш ІэнатІэм механизацэмрэ автоматизацэмрэ зэрызыщаужьам ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырынми бгъэдыхьэкІэщІэхэр кьагъэсэбэпыну кьеГъэуь. Апхуэдэ кьалэныщхьэм кьызыхуэтыншэу пэльэщ еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ ХьБКъМУ-р, - кьхъихгъэщащ ІутІыжым. - «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным и еджапІэ нэхъыщхьэм ильэс кьэс ирищІыЛІэнущ зэгурыІуэныгъэхэа. Абы ипкъ иткІэ ди ІэнатІэм папщІэ КъБКъМУ-м игъэхьэзырынущ ІэщІагъэлІи 5 - 10. Абыхэм я лэжьыгъэ практикэхэр ди деж щекІуэкІынущ икІи а ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр иужькІэ дэ лэжьакІуэу кьэтщтэжынущ.

- Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным мы зэманым щолажьэ цІыху 600-м щИгъу. Ахэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщащ я лэжьыгъэкІэ, социальнэ, медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ, улахуэ тэмэм къахь. Концерным и лэжьакІуэхэм папщІэ иухуэну и мурадщ псэупІэ унэхэр.

Адэжь ныбжьыщІэхэм захуигъэзащ КъБКъМУ-м и ректор ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд. Ар еджакІуэхэм яхутепсэлъыхьащ зи пашэ еджапІэм щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм. Студент мини 8-м нэс щоджэ университетым. Абыхэм кьахь стипендиехэр ику иту сом мини 8 мэхъу. Нэхъыыфу еджэхэм я стипендиехэр сом мин 15-м нос. Мэкъумэш ІэщІагъэ 25-м ахэр хуаразджэ щІэныгъэлІ мини 2-м нэсым. ЕджапІэм ильэс кьэс кьещтэ студент минрэ ныкъуэм щИгъу. Ахэр общежитКІэ кьызыдогъэпэщ. Университетым и щІалэгъуэлэр хэтщ кьэралпсо, дунейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцхэм, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

- ЩІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ зэрыщІэзрагъэгъэуэтым щыдэкІуэу, ди деж щеджэ щІалэгъуалэр жыджэру хэтщ республикэм и щэнхабзэ гъащІэм. Абыхэм ябгъэдэлъ зэчий зэхуэмыдэхэр кьызэкъучахыну, ягъэлъэгъуэну Іэмалхэр яІэщ. Университетым кьыщызэдгъэпэщауэ щолажьэ лъэпкъ кьафэхэмкІэ ансамблыр, «Синдхэр» зыфІащар. Ди еджакІуэхэр хэтщ «Студент гъатхэ» фестивалым, КВН джэгухэм. Апхуэдэу диІэщ дизэрыгушхуэ спортсменхэри; ди гъэсэнхэм кьахэкІащ Олимп Джэгухэм я чемпион, дунейпсо чемпионхэр, УФ-м спортымкІэ и мастерхэр, - яжриІащ ЩІыхьмырзэм ныбжьыщІэхэм.

Ректорым и псалъэм дыщІигъуу зэІущІэм кьрихьэлІахэм захуигъэзащ Тэрчокъуэ Тимур. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ зи унафэщІ факультетым зыщыхуэгъаджэ ІэщІагъэхэм, абы щекІуэкІ студент гъащІэм. ИужькІэ школакІуэхэм зыщапльыхьащ «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. КьызэрыщІэкІыжкІэ, ныбжьыщІэхэм я гъащІэм ІэщІагъэхэм, абы щекІуэкІ студент гъащІэм. ИужькІэ школакІуэхэм зыщапльыхьащ «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. КьызэрыщІэкІыжкІэ, «Дыщэ щхьэмыжым» и ильэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ КъБКъМУ-м и факультет зыбжанэм я къудамэхэр, кафедрэ щхьэхуэр. Апхуэдэу студентхэм я кьэзыгъэ практикэр щрагъэкІуэкІ, щІэныгъэ къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щызэфІах, ахэр, доктор диссертацэхэр щатхэхьэзыр икІи щыпхагъэкІ. А псори хуабжьу яфІэхьэлэмэт хъуащ ныбжьыщІэхэм.

ЗэІущІэм и кІэуэхьу егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ фІыщІэ хуащІащ а Іуэхуэгъуэ хьэлэмэтыр, купщІафІэр къахуэхьэзыгъэпэща псоми. Щэч хэльъэм: апхуэдэ зэхуэзэхэр сэбэп хъунущ ныбжьыщІэхэм ІэщІагъэ къыхахыныкІэ, гъащІэм я увыпІэ щагъуэтыныкІэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Май щІынатІэ

Къабзагъэм и телъхьэхэр

Кавказ Ищхьэрэм щыІэ республикэхэм ЩІыуэпсыр хьэмэныкІэ и министерствэхэм ирагъэкІуэкІ «Тэрч и Іуфэ къабзэхэр» Іуэхум жыджэру хэтащ майдзэхэр.

РАЙОН администрацэм епхуэу лажьэ жылагъуэ щІалэгъуалэ советым хэт егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыпІэ къудамэмрэ Пришибскэ къэзакъ общинэм хэтхэмрэ накъыгъэм и 30-м Тэрчыпсым и Іуфэхэр яГъэхьэбзащ. ЗэщІакъуэ пхъэнкІийр апхуэдизкІэ куэдти, машинэшхуэкІэ Іуашащ.

«Дыщогурэ Дыкъэзыуэхурейхь дунейм хуахаа илъэсым и щІыхькІэ щІыуэпсым гулъытэ хуэфащэ хуащІыну, армырамэ, ди щхьэунтІагъэхэр зыхуымылъагъуКІыж пхъэнкІийм дыкъыхэнэнкІэ шынагъуэ щІыІэщ», - жаІащ мы Іуэхум хэтахэм.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● Къэрал ІуэхущІапІэхэм

«Гъуэгу картэ» проектыр ягъэхьэзыр

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Тлымыжь Хьэсэн «Къэбардей-Балъкъэрым и бизнес-инкубатор» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм накъыгъэм и 28-м щригъэкІуэкІащ республикэм инвестицэ щытыкІэ тэмэм кьыщызэгъэпэщыныкІэ властым и гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэр зытетым хуей ПщІалъэр зыгубзыху эксперт гупым и зэІущІэ.

«СТРАТЕГИЕ жэрдэмхэм я агентство» зи щхьэ и унафэ зыщІыж мыкоммерцэ организацэм зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыныкІэ и департаментым и лэжьакІуэ Емельяновэ Верэ щІыналъэ бизнес-зэгухьэныгъэм и лЫкІуэхэм яхуиІуэтащ «Гъуэгу картэ» проектым арэзы щытехъуэ УФ-м и щІыпІэ пщыкІуэым а ПщІалъэр зэрыщІэзэхуагъакІуэ щІыкІэр. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ ар кьызэрагъэсэбэпыным пыщІа Іуэхугъуэхэм, апхуэдэу Къэбардей-Балъкъэрым инвестицэ щытыкІэ тэмэм кьыщызэгъэпэщыныкІэ властым и гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэм я лэжьыгъэр зэрауэнэну и проектым щыхэпльащ. Эксперт гупым пэублэу хагъэхьахэм зэхуэсахэр арэзы техъуащ, абы и унафэщІымрэ и зэгъэуІуакІуэмрэ анкетэ Іэмалым тетхэ кьагъэльэгъуэну зэгурыІуащ.

Эксперт гупым хэтщ республикэм и жылагъуэ хьэрычэтыщІэ зэгухьэныгъэхэм, финанс институтхэм я лЫкІуэхэр, бизнесмен лъэрызэхьэхэр. Чэнджэщхэм япкъ иткІэ, кьыкІэлъыкІуэ зэІущІэм зыщыхэплъэнухэр ягъэбелджылащ, «Гъуэгу картэ» проектыр кьащтащ.

Нэхъапэкіэ кьызэрыхэдгъэщащи, щІыпІэхэм инвестицэ щытыкІэ тэмэм кьыщызэрагъэпэщын папщІэ, къэралым и ІуэхущІапІэхэм я гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэм я ІуэхущІапІэхэм я «гъуэгу картэ»-р «Проектыщ Іэхэр пхыгъэкІыныкІэ стратегие жэрдэмхэм и агентство» зи щхьэ и унафэ зыщІыж мыкоммерцэ организацэм и кІэлъыплъакІуэ советым, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм щІэту, нэгъабэ мазаем и 3-м кьащтар - КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм гъэзэщІэн щІидащ.

Гу зылъытапхъэ:

Пщалъэм хохьэ инвестицэ щытыкІэ тэмэм кьызэгъэпэщыным тещІыхьауэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм кьыщыщІэн хуей мардэ тхылъу, нэгъуэщІ унафэу 15. Ахэр ягъэхьэзыращ властым и щІыналъэ Іуэхущ Іапіэхэм ящыщ. Ар ІэнатІэхэм я файдэ пытІу зэрызыдалажьэ урысей, дунейпсо Іэмал иэхъыфІхэр я лъабжьэу.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● Гъуэздджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ сурэтыщІ Аккизовэ Сиярэ и гъэлъэгъуэныгъэм щыщ «Мазэ лъагъуэ» сурэтыр. *2011 гъэ*

● ДифI догъэлъапIэ

Йохьажыр ди бзар хьарпым

***Бещтокъуэ Хьэбас и тхылъыщIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ, «Дыщэхумрэ фIамыщIымрэ» и псалъащхьэу. «Псэм и макьым сыт щыгъуи «дыдрнIэтемн» и хьэлщ», - псалъапэу кьлщта пычыгъуэмкIэ хэсакIуэм дреиэ и гупсысэхэр щызекIуэ губгъуэм. - Абы нжь кьытщIихуху, дызыхуиунэтIыр льагагъырщ».*

«Дэ критикэ диIэкъым!»

БЕЩТОКЪУЭМ и усэхэм дыIбэн и пэ, критикэ «димыIэр» зыхуэдэмрэ диIэну дызыщIэхьуэпсыр зыхуэдэн хуеймрэ зэхэдгъэкIыфыну пIэрэ, а псалъэм щIэтлъхьэ мыхьэнэм нэху тIэкIу тредгъадэзу? Дунейпсо псалъалъэм кьитх мы терминым кьидгъэкI хабзэр «тхакIуэ IэдакъэщIэкIыр хьуарэ мыхьуарэ щыIэхагъэкI тхыгъэщ». «Критикэм», дэтхэнэ щIэныгъэ кьудамэм кьыщыщти, «зэпкъырыхьи», «кьехъуIламрэ зэлIэлапхъэмрэ къэгъэлъэгъуэн» купщIэщ иIэр. Литературоведенэм тхыгъэм, тхыдэм щиубыд увыпIэр, абы щIэуэ кьыхилъхьэр е щыIэу кьигъэсэбпыр кьихутэн и кьалэнмэ, критикэм ар нобэрей махуэм ирепх, а тхылъым кьеджакIи кьхуну щыхуэн. Цыхьэ кьыхьэрыхьи», «кьехъуIламрэ зэлIэлапхъэмрэ къэгъэлъэгъуэн» купщIэщ иIэр. Литературоведенэм тхыгъэм, тхыдэм щиубыд увыпIэр, абы щIэуэ кьыхилъхьэр е щыIэу кьигъэсэбпыр кьихутэн и кьалэнмэ, критикэм ар нобэрей махуэм ирепх, а тхылъым кьеджакIи кьхуну щыхуэн. Цыхьэ зэрыщыкъухьэр кьеГъэльагъуэ. А лъэныкъуэмкIэ кьапщтэмэ, литературоведенэмрэ критикэмрэ я гъунапкъэхэр Iупщмэ, тIыри зэдэIэпыкъужхэуэрэ кьыхьэдогъуэгурыкIуэ.

ИтIани, анэдэлхьубзэкIэ тхылъ кьэзыщтэхэм «Дэ литературоведенэ диIэкъым» жаIэрэкъым, зыщIэхьуэпсыр «критикэфIщ», гъащIэм нэхъ пэгъунэгъур а иужьрейр аращи. Аэрэ лIэужьыкIгъуэ зыбжанэу бгуэш хьунуми, нэхъ Iупщу кьыхэщ бгъэдыхьэкIэхэр щы мэхъу.

Япэрей гупым «критикэ диIэкъым» щыжаIэкIэ, кьрагъэкIыр мырагъэнуц: «Фыкьысщытхъу, кьызэфтI» Аэр зэхъыбгъуэ тхакIуэхэрщ е усакIуэхэрщ. Апхуэдэ цIыхум литературэм куэд хищIыхьауэ кьелытэ. АрщхьэкIэ утыку изышэфын, зи жьIэ пхыкI, Iулыдж льагэ зиIэ критик зэримыгъуэтам кьыхэкIыу, хуэфэщэн гулытэ кьыльымысауэ ебж.

ЕтIуанэ гупым «Вгъэпуд, кьыстефх!» жаIэ хуэдэщ. Абыхэм тхэн зыфIэмыфыххи, кьалэмыр яIэщIэзагъэми, а Iэзагъыр зэрыщытым нэхърэ нэхъ льагэу зыльагъужи яхэтщ. Ягу кьеуэр жагъуэгъур ягъэльапIэу утыку зэритырщ, критик зыфIищкIыу ар «езыхужьэн» лIыхъужь дыIэзримыIэрщ.

Зи гугъу тщIа лIэужьыкIгъуитIым кьалъыхъуэ критикэм хуэдэ ягъуэтми, адыгэ литературэм абы фейдэ хихыныкъым. Критикым тхакIуэм е усакIуэм деж щихь кьалэныр ар нэхъыфIу тхэным тригъэгушхуэнырщ: нэхъ кьабзэу, нэхъ дахэу хэпыр, зыуэщI кьарур иригъэлагъужу, тхылъеджэр фIым хуиуэнтIыным кьыхуигъэбырсеиныр щ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхубэ гъащIэр ефIэкIуэн папщIэ, тхэмрэ еджэмрэ зыр адрейм кьыгуригъэIуэныр щ. Лъэпкъым щыщ нэрыбгэ щхьэхуэм фIыр зэрыдацэр, Iейр зэрыльагъуГуейр и фIэщ имыщIынумэ, критикэ щымыIэкIи литературэр кIуэдыжыныкъым.

НэгъуэщI зы гупи щыIэ литературэм кьыхьыхьэ тхыгъэщIэхэмрэ тхакIуэщIэхэмрэ гулытэ нэс зэрамыгъэуэтым игъэщхьэжагъуэу. МурадкIэ кьапщтэмэ, ар бгъэдыхьэкIэ узынщэщ. ИтIани, ди литературэ жылагъуэм щызекIуэ хабзэхэм уигу хагъахьэуэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъыбэм «зыхущыщIар егъэIэлъагъун» псалъэ зэпхар «ныкьусаныгъэ кьыщIэгъэщын» мыхьэнэм кьыбгъэдахыркъым, абы кьикIыраци, критикэм «усакIуэм тIэкIу и напэр техын» кьалэныр хуагъэувэ. Апхуэдэ гупсысэкIэр сэбэп хьурэ мыхьурэ нобэрей адыгэ литературэм и щытыкIэм хьеугъэльагъуэ. Мы IуэхумкIэ Сокьур Мусэрбий нэхъ лъэрызехьэ тлъэгъуакъыми, зэрызэхамыщыкIыр игу кьызэреуэр усэ сатыр нимыгъэсахэм языхэзым кьыхощ: «Напщ1э Iувыжьыр, кьыскужаIэ, зэрахуэ цIыхухэм ямыIуэху». Ауэ щыхьукIэ, абы и зэманым критикэр литературэм ипэ имытамэ, кьыкIэрызыкъым.

ЦIыхуфIагъымрэ тхэн Iэзагъымрэ

УСЭ ТХЫЛЪЫФIЫР хэт щхьэкIи саугъэт зыдэлъ пхъуантэщ. ЦIыхум кьипсэлъымрэ зытетхэрэ и мыхьэлымрэ я зэхуакум щыкIэрыхуэ жылэхэрщ усакIуэр зыхэщыпхыыр. Сыт хуэдэ Iэмэпсымэ абы иIэр цIыху зэхуэмыдэхэм щыму кьыздрахьжI гурыщIэхэр а зы тхылъым кьащригъэщIыхужыну? Анэдэлъхубзэ зыхуэшэрыуэмрэ езым игъэнэхуамрэщ. Бзэм и фIыгъэкIэ, жиIэну зыхуейр кьыдгуроIуэ. Езым и цIыху щыкIэр дигу дыхьэмэ, жиIэр тфIэкъабылщ. А тIур зэтехуэмэ, и усэхэмкIэ зэрыщIыхуфIыр ди фIэщ ищIыфмэ, усакIуэм и пэжыгъэр хьеихьупIащ, и сатырхэр тыгъэ лъапIэщ, дэри сэбэпынагъ гуэр кьэтхьу дыпсэуным дрегъэхьуапсэри. ЦIыху сурэтым дизыгъэувэж дакьикъэщ усакIуэм гьавэу Iуихьжкыр, ар ди дежкIэ гухэхьуэгъэуи гухэщIыгъэуи щрырет.

Бещтокъуэ Хьэбас и тхылъыр кьатщтэу «Хьэбас цIыхуфI? Адыгэбзэ ищIэрэ?» жьгтIэу дыщIэупщIэну дыхьэшхэн хуэдэу щытщ. Щытми, япэу тхылъ кьыддэзыгъэкIамрэ тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэщ1экIымрэ тхылъеджэм и пащхьэ щызэхуэдэщ, усакIуэ Iэзэри усэщIэ итхыху щIэрыщIэу утыку кьохьэ. Абы кьыхэкIыу, жьгтIэми дыбзыщIми, тхылъыр тIыгъыку, гукIэ къэтлъыхъуэнур а упщитIым я жэуапщ. Хьэбас мыцIыхуфIмэ, абы итхам нэхъ кьабзэ, нэхъ гущабэ, нэхъ куу димыщIынумэ, и Iэдакъэщ1экIым уасэшхуэ иIэнкуэм, сыт хуэдизу и бзэр мыкъулеймэ. ЦIыхуфIрэ, кьыгтIыгъэIэсэну зыхуейр удихьэхэуу хужьмыIэмэ, псалъэр зи мыIэщIагъэ цIыхум зэрыдзауэ кьри-

Бещтокъуэ Хьэбас и псалъэ Iущыр.

хьэкI и гур кьызэритIэтэну Iэмалхэр иримытыфмэ, лъэпкъыр псэмрэ дунеймрэ зэрыгурыIуэ бзэр емыфIакIуэу аращи, ехьулIэныгъэр жьжьэу кьоно.

ХъуэпсапIэм и жьауапIэм

УСЭХЭМ зэрытепсэлъыхь хабзэр ахэр зытехуэуам ельытауэщ. Апхуэдэ зэхэдзыкIэкIэ убгъэдыхьэмэ, «Дыщэхумрэ фIамыщIымрэ» хьихь усэ щищым (ахэр бжыгъэ дамыгъэкIэ зэкIэлъыхьащ) я нэхъыбэр льэпкъ Iуэхумрэ лIэныгъэмрэ епхащ. УрохьэлIэ щIэныгъэм, фIэщхъуныгъэм, дунейм и дахэгъуэм, льагъуныгъэм, усакIуэ Iэщ1агъэм, бзэм, кьулыкьущIэхэм ятепсэлъыхь усэхэм, ауэ зи гугъу тщIа кьудамитIыр нэхъ гьуму, мыдрейхэр а тIум кьагуэкIыкIыжу щытщ. Захуэу пIэрэ апхуэдэ зэхэдзыкIэ пхъашэр? Усэ щищым «роман-дневник» цIэр зэрыритамкIэ усакIуэм жиIэну зыхуейр сыт? «Уэ»-хэр куэдым яхуэгъэзами, нэхъыбэрэ усакIуэр зэпсальэр ... езы усакIуэрщ, игу зыхуэзэгъа-зыхуэзмызэгъа «сэ»-рщ. А сэ-р авторым кьыгуэпхыу «лирическэ лIыхьужь» щIыфIэпщIын щхьэусыгъуэ кьэлъагъэркъым: зэтохуэ усакIуэмрэ усэр кьэзыIуатэмрэ. «Хьэбас цIыхуфI?» жьгтIэу дгъэува упщIэми жэуап нэхъ кьыхуэгъуэтыгъуафIэ мэхъу, тхылъым и кIуэдкIэ езым кьытригъаIэзэуэр зритыж упщIэ нэхъыщIхьэр ардыдэраци.

Щыуагъэхэр...
Щыуагъэхэм я кьуэпсу
Псэм угъэ гъуабжэу
Щыиззэзрыхьыр...
ХьуэпсапIэм и жьауапIэм
ТIэкIу укъэсу,
Нэхъ укъэхуэбжэщэу
ГъащIэр щыпхьыр...
Уэ зыбгъэкъуэнщжьну
Ущыхуежьэм -
КьыпхущIидзыжу уи гур
ТIэкIу щхьэхуещэу... (211)

ГупсысэкIэ узынщэм и хьэлщ зэпльэкIыжу ищIэм уасэ хуигъэувыжыныр. Хужьыгъэм хуагъафIэ псэм *угъэ гъуабжэу щыиззэкозрыхь* узыхэмыIэбжьыф гъащIэ Iыхьэхэм я ныбжьхэр. *ХьуэпсапIэхэмрэ* абыхэм ущыкIэльыкIыкIэ пIэщIэкI *щыуагъэхэмрэ* я зэхуакум «кIуэр-кьэкIуэжу» щокIуэ гъащIэр. Гум кьыльыхьэу гупсэхугъуэр зыхьхэтым псэр зыхуэгъабгъэм кьыздихьыну щогугъ, ар кьыIэрохьэ е кьыIэрыхьэркъым. Сыт-тIэ щыуагъэу кьыщIидзыжыр? Зэхъуапсэм зэрыхуеIа Iэмалхэр. Аэрэ кьабзэмэ, ущыIэзэплъэкIыжьхэм щхьэусыгъуэ кьыпхуагьанэркъым, унгурэ уи щхьэрэ зэтелъу гъащIэр адэкIэ ибохьэкI. *Гур тIэкIу щхьэхуещэу* зыльъагъужьыфыр зыкъэзымысыжьырщ. Гъуэгу зэхэгъэкIипIэщ фIы хьуну Iэмал зиIа гъащIэ налъэм уи кьару кьызэрихьклэ зэрымылIэлIэфар, абы кьрикIуэу - псэм и зы Iыхьэ *гъуабжэ* зэрыпIэщIэхъухьар пльагъужьну. Усэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщу Бещтокъуэм и усэр поджэж Пушкиным и «Гъкъэжьыжьым»:

Дыгъэр кьуельафэр,
цIыху цIыкIур мэзэгъэж.
Жэщым и ныбжьу
зэпхрыплIыгъуафIэм
Жейр - махуэ кьэшам и тыгъэр - кьехь,
Бзагуэ хьужа уэрамхэм зыщеубгъурт.
А сыкъэт мыкIуэм си гур сфIегъажIэу.
ХущIегъуэжьыным кьрша блэ фIыщIэр
Iуэхуншэ сызыщI кьыфIым
кьызеутIыпщри,
Бэлыхьыр псэм кьыщызэрыдохьей,
БлэкIар зэрыт тхыль Iувыр зэтридзу.
ПльапIэу сиIахэр гущIэм
кьыщокьуалъэ,
Сыщымэхъашэуэрэ си гъащIэм
сыкъоджэж.
Сотхьэусыхэ, согъ, сотхьэджэ, ауэ
Уэлбанэ кIасэм, уафэгъагъуэ щIэтми,
Сатыр нэщхьейхэр
тригъэкIыжьыфкъым.

Бещтокъуэр хьуэпсапIэхэм *кьагъэхуэбжьмэ*, Пушкиным и пльапIэхэр *кьокьуалъэ*. Сыт мыхьуар? ПльапIэхэр узэмыхьуэпсапхьэ гуэрт? Хьэмэ ахэр гъащIэм кьыщыгъуэтыгъуейт? Хьэуэ! Ахэр пэжт, кIуэкIэрщ тIасхьэр:

ПIэт уи хьуэпсапIэр лъагэрэ,
И дэкIуеипIэр бгъунжу,
Дунейм утетщ, упагэрэ
Уи гур кьоныкьуэкьужу. (119)

Урыс усакIуэм и тобэ къэхьыкыкIэр зы нэхуи кьыдимыдзу кIыфIщ. Абы кьиГъэльагъуэр гухэщIыгъуэм и архьуанэ, нэпсхэм я кьежьэгъуэрщ. Бещтокъуэм кьиГъэльагъуэр и гурыщIэм льабжьэ хуэхьу гупсысэрщ. Абы и тэрэзэр зэпэшачэщ: лъэкъуампIэ псори хужь защIэу зэрыщымытыр ельагъу, ауэ хэпльагъуэм хуэзыша бжьыкъэкIэм иджыпсту зыхищIэм и гъусэу IэщIокI:

Бжьыхьэ хадэ, бжьыхьэ пщIащэ,
Бжьыхьэм и акъужь,
Ди бэуэгъуэр зэпыщIащи,
Сэри сф сыфщыщщ.
Сыкъывмыдзэми, емыкIукьым,
Сэ куэд зэIысщIащ...
Фэ мы щIыгум гъуэгуу щыфкIур
Дыгъэм кIэрыщIащ. (213)

Узыр кьызыхэкIамкIэ ягъэхъуж

ПУШКИНЫР Iуэхум кьыхэтшэн хуей щIэхъуам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэщ. Урыс псальэхэр уэру зыхэпхьа Бещтокъуэм и адыгэбзэм франджыбзэмрэ урысыбзэмрэ «зэрызехьэу» щыыта зэманыр уи нэгу кьыщIегъэхьэ. КIуэрыкIуэм тету Пушкин «Евгений Онегин»-м франджыбзэ псэльафэ кьыхегъэувэри кьыдыщIегъуэ: «Шишков, кьысхуэгъэгъу, зэрызэздзэкIынур сщIэркъым!» А Шишковыр урысыбзэ кьабзэм кьыщхьэщыж щIэныгъэлI кьулыкьущIэ гуэрт а зэманым. Узыр кьызыхэкIамкIэ ягъэхъуж жаIэ: нобэ дизыгъэкIуэт урысыбзэр дэ дызыхэмыкIыф «бзитI псэльэкIэм» зэрыIэщIэкIа щIыкIэм урипльэну гъэщIэгъэнщ. «Урысыбзэжьымрэ урысыбзэщIэмрэ теухуа гупсысэхэр» и фIэщыгъэу зи гугъу тщIы щIэныгъэлIым 1803 гъэм хэгъгъэ зэкъытрыригъэдзащ. Абы щыкIэ: «Сыт хуэдэ щIэныгъэ дэ ди анэдэлхьубзэм теухуауэ диIэфынур, зи щхьэ пщIэ нэхъ хуэзыщIыж лIыщхьэхэм я бынхэр дунейм кьызэрытехьэу франджыхэм я Iэмыщ1э щихуэкIэ, абыхэм я хабзэм я гур кIэрыпщIэу езым яйхэм ящымэхъашэу щыхьэкIэ, я гупсысжьымрэ Iуэху епльыкIымрэ щытехьэкIэ, абыхэм я бзэм анэдэлхьубзэм нэхърэ нэхъ хуэшэрыуэу щыщIтклэ. Аэрэ апхуэдизкIэ хамэбзэм зэрыIэзэ мэхъухэри, я бзэр ямыщIэжьыным темыуКIытыхьу, зрагъэщIэнуи хэмыту мэхъу, уеблэмэ апхуэдэу зэрыщытым зрагъэщIагъуэ.

Сыт-тIэ ящыгъэ дэ ди анэдэлхьубзэм теухуауэ зыгъэтIылъауэ ябж Пушкиным кьиГъэкIыр «сэ грамматическэ щыуагъэ зыхэмыт урысыбзэ сфIэфIкъым» щыжиIэ-кIэ? Урыс тхыбзэр а зэманым хьэщIэщ уэршэрыбзэ тынтым фIыуэ пэжыкьэт. Хьэбаси «зэрыщыт дыдэм» хуэдэу кьиГъакIуэ и «кьалэ адыгэбзэмкIэ» дыхэныпэ нэхьрэ - льэпхьуамбыщIэу кьытхуэна «ленинГъуэгубзэм»ебГъэрыкIуэу фэ тетщ:

Кьулыкьущ1э-ныбэизу
Ди щIалэжь,
Зи акъыльм
Льэпкьи-къупщхьи
Кьимылэжь.
А уи нэкIум
Щыслъагъу драмэм щыджэгун
Боксер Iэзэ сэ уэ дэнэ
Кьыпхуэнсхьи? (150)

Мыбы урыс псальэу хэтыр тIу къудейщ: драмэ, боксер. НэгъэущI зы щапхьи кьхэтхьынщ:

Нанэ-технологие -
Дадэ и хъыбар.
Спорт идеологие,
Спортсмен бегьымбар.
ЗэхэдыгъуэжьнымкIэ
Чемпион кьэрал.
ЗэгупсысижьнымкIэ
Iуэхур - неIэмал.

ЕдэшгъуитIу зэхэлъ усэр кьызыхэщIыкIа псалъэ пщыкIуплIым щыщу тхур урыс псальэщ. «БамплэбзэмI» хэпльыхь ищIыркъым - и кьалэныр гур игъэзэгъэныращ. Игъэзэгъащ, адэжIэ-щэ? Бззэр нанэми Iэхьуэ щIалэми яГъэзагъэ я гур. Сыт абыхэм усакIуэр кьаззэрыщхьэщыкIыр? Абыхэм жаIэр тхылъым ихуэркъым, кьеджэжыркъым, зрагъэззэхуэжыркъым. Псальэм гапщIэ, гур игъэзэжу ныбэизым и нэкIум «боксер Iэзэ» щыджэгуами, а мурад щIэм «Iэшт1ым щабэри» льэIэсыфынчуд. Хэт ар Бещтокъуэ Хьэбас нэхъыфIу зыщIэр? Хуэбгъэфащэ зэрыхьунумкIэ, усакIуэм нэгъуэщI зы муради иIэщ.

Сыт анэдэлхьубзэкIэ псальэхэм ящыщу едкэн зи хьэлхэр адыгэбзэкIэ тхылъ, газет, журнал щIемыджэр? Зэрыгупсысэ-зэрыпсалъэ бзэр тхылъыбзэм кьыщхьэщокIри. Иджырей тхыбзэр кьагурымыуэхъэу щыткъым абыхэм, ауэ езыхэм кьагъэсэбэп адыгбзэ тынтым техуэным, е, нэхъ пэжу жыпIэмэ, *техуэркъым.* Пушкин зыщIэхъуэпс «грамматическэ щыуагъэхэм» хуэныкьуэщ иджырей адыгэ тхыбзэри бзэм и лэжьэкIэм фIыуэ пэжыжьэ, ар зэрагъакIуэ хуэдэурэ гульэф яхуэхъу, и пIэ ижьихьа «правилэхэри». Дунейм бзэ нэхъ зызыужьауэ щызекIуэхэм я хабзэхэм цIыхур зыгъэтынщIэм тщIыхьауэ зрагъэжьэжь. Дэ анэдэлхьубзэр Iэпхлъэпх тщIауэ, абыкIэ къритIуэтэну дызыхуежьэ гупсысэр пшагъуэм кьыхонэ, е хьэзыру дызылъэIэс урыс псальэм доIэбэри, «образовэнчанфэ» ттету ди гурыльхэр кьыдоIуатэ. Мис а мафIитIым яку дэту «мажьэ» Бещтокъуэм зи усэхэр: еджауэ зызыбжьжхэм зрамыпэс адыгэбзэжьымрэ щIэныгъэ зиIэ дыдэхэм я бзэгур зэзыгъальэ урысыбзэ ныкьуэмрэ.

Усэбзэр цIыхур и щхьэ зэрыхуэпсэльэж бзэм темыхуэмэ, минрэ цIыхубэ усакIуэ фIэпщми, усакIуэм и хьэтыр тхылъеджэм ильагъунукъым. ГурыIуэгъуэщ урысыбзэ кьыхэбгъэхьэнри хэкIыпIэу зэрыщымытыр. Пщэдейрей ныбгъуэм и пIэ ит нобэрей бзуф пщыгъупщэжыну Iэмал кьозымыт Бещтокъуэм и псэльафэхэр: «ФырГъуэ-ижь - адыгэ *синдром*»...; «*Нерв* симыIэжу арагъэнщ...»; «Ильэс щ ныкьуэ хьуауэ согупсис адыгэ *геноцидым*...».

«Ар урысыбзэкIэ дахэ-дахэу псэльэфыртэкъым, ди журналхэмэ едкэртэкъым,- жеIэ Пушкиным Ларинэ Татьянэ теухуауэ, ауэ хуэмейуэ пIэрэт урыс усакIуэр и бзэм зригъэуэщIыну?! Хьэбаси зыхэтыр и «хуэурысыбзэ» усэбзэмкIэ «адыгэ бзэмI» анэдэлхьубзэкIэ едкэн хьэл кьритIэщтэжьынрщ. Игу иль дыдэри щэхукъым:

Дубыду IитIкIэ тхуэмыIыгъыжьну,
Iэ ныдэтIынуи - ди Iэр льэмыIэс.
ИгъащIэ псокIэ кьимыгъэзэжьну
Йохьэжьыр ди бзэр хьэрышI
и кум нэс.(295)

УпщIэ дгъэувахэм жэуап еттауэ пIэрэ? Ди гуапэт фи Iуэху епльыкIэмкIэ фыкьыддэгуэшамэ, цIыху ныбжь ирикъуа Бещтокъуэм и махуэ льапIэр тегъэщIапIэ фщIыуэ. Хэт ищIэрэ, ди гукъеуэхэмрэ гурыфIхэмрэ кьдгъэнаIуэмэ, ТхакIуэхэм я зэгухэзныгъэм ди хьэтыр кьилъагъунщи, дызыхуэрэ псомкIи е зы усакIуэм деущIыфын хуэдэу, зы усэ пшыхь тхуэзэхишэнщ.

ЧЭРИМ Марьянэ.



Мы тхылъыр кIахэ диалекткIэ кьыдэкIащ.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

* * *

УсIэтт, щIыгу сызытету уэзмыпэсыр
Пхуитгъэщ1эращIэт пIащIэу Тхъэгъэлэдж.
Уэ сыпхуэсакьырт езы Уэзырмэсу,
Уи напIэу дахэр пIэтмэ, Iэджи слъэкIт.

Сэ сыкъэушу зэ сыгупсысэжмэ,
ПщIыхь кIэщI, уи теплъэу гуакIуэр
щызгъэфIар,
СфIидыгъужат зыгуэрым кьехъуэпсэжри,
Зыт сэр нэмыщI а пщIыхьым щыгъэзар.

* * *

Изолъхьэ сигу сынэмыкIуэну,
- СыкIуэнкъым, - жысIэурэ сыщIокI.
БлокI зы тэлаи, сэ аргуэру
Уи деж сынакIуэу кьысфIыщIокI.

ЖызоIэ быдэу: сынэсынкъым.
Сынэсри - сыкъэкIуэнкъым фIэкI.
Зы дакъикъитху нэхъ сыщысынкъым,
Сигу ислъхьэм хъурэ сэ сыфIэкI!

Уцызмылъагъуи уцыслъагъуи -
СигукIэ узгъафIэурэ сыщос.
Апхуэдэу фIыщIэу узолъагъури,
Сэ укъэсшэнуи сынпщIосхь.

ТхъэрыкъуитI

Сэ бжесIэнум кьыщIэдэIу,
КьыщIэдэIу - сынолъэIу:
Сигу пIейтейр схуэгъэбяу.
Ер си абгъуэм кьысфIонтIэIу,
Къегъэгъз, кьегъэщIэIу,
Абгъуэр жьым игъэдиящ.

Ущхьуэ дей дыгъэлъэтэж,
СогуIэж, сопIейтей.
КьыткIэлъэплъыр мы дунейр.
Псэ тыншыгъуэ симыIэж,
СимыIэж - бжесIэр пэжщ.
Уатхьэкъуэнкъ1э согужьей.

- Дылъэтэнт дэ Ущхьуэ дей,
Ущхьуэ дей, си дуней.
Ущхьуэ дахэкIэ нэпсейщ.
Дэ дылъатэм Ущхьуэ дей,
Ущхьуэ дей си дуней,
КъыбжиIанущ: усысейщ.

Мы си дамэр уи щащыхущ,
Уи тепIэнщ, уи щащыхущ.
Зыкъгъэзэ мы сигу кьэпльам.
Сыжеинкъым сэ нэху щыху,
Нэхур щыху, щыху, щыху, -
Уэ сыжейуэ пщIыхьу льагъу!

Сурэтыр **ПАЩТЫ** Герман *ищIащ.*

Си дахэкIей

Уджыр кьыбогъажьэ,
Сигу и щэху къозгъащIэу,
Нэр зыхуэзгъэпльэ, си дахэкIей.
Жэщыр зэкIуэтамн,
Мазэр зэкIуэдакьым,
Вагъуэ нитIкIэ зэ кьысхудэплъей.

Пшынэ Iэпэр лъаIуэу,
Пшынэ гъуагъуэр щатэу,
Уи Iэм хуэжьыIэщIэу кьыдолъей.
Си нэм укъепльакIуэу,
Сигу иль псор къэпщIатэм,
Си псэр псэхужьнт, си дахэкIей.

Хьшхуэ лъагъуныгъэр
Къэукъубеяуэ
Си гур кхъуафэжьейуэ кърехуэкI.
Дуней сызытетыр
Схуэмыгъэбэяуэ
Уэ сызэрыпщыIэр кьызеIуэкI.

Уджыр уогъэкIащхъэ,
Си гур зи гъэр пащэм
Кьыпхуэзэш пIанэпэм уогъэзэж.
Уи Iэр соутIыпщыжыр,
Сопльми - умыжьжьэ,
Ауэ шэчыгъуейуэ согъэзэж.

* * *

Къэкъуалъэт, кьабзэт, уэшх бэлыхьт,
Уэшх хуитт, тфIихьар ди щхьэузыхьщ.
Пкьо нэхухэр уэшхым щIигъэкъуауэ
Щытт кьалэр, и бгъэр иукъауэ.

ЗагъэпскIщ, загъэпскIри щIэпхьуэжауэ
Ежэхт трамвайхэр плъыжь хужауэ.
СыщIэбэмпIыхьти бжьыхьэкIапэм,
Сныыхоувэ сэ уэшх гуапэм.

Си нэкIум ткIуэпсхэр щызэбложыр,
Зы ткIуэпс нэбжьыщ къэсхуэкIэ фIэсщ.
Сэ укъызоплъ, узблоплъэкIыжыр,
Си нэкIум кьыщолыд зы ткIуэпс.

Си дзэжэналъэхэр кьысхуабжу
Уэшх Iэпэхэр си щIыфэм тельщ.
Уэшх дахэр, хуитыр, мо уэшх хуабэр
ЗыкъызишэкIыу кьысщIэхэльщ...

Уэшх дахэт, кьабзэт, уэшх бэлыхьт,
Уэшх бейт - ихьар ди щхьэузыхьщ.
Согупсысыжри - уэшх блэкIар
Си гуфIэгъуэшхуэм игъэпскIат.

Уэшх дахэт, кьабзэт, уэшх бэлыхьт,
Къэпхьащ а уэшхым и гуэныхь...

● Щыуэпс

Псынащхьэ хущхъуэхэм деж

«Джилы-Су» турист-рекреацэ комплексым зэрызэграгъэужьыну щыкIэр яубзыхуащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм турист кластер кьыщыдзэгъэпэщыным и проектыр гъэзэщIэным ехьэлIа лэжьыгъэхэм кьыпещэ. Джэрэщыгъуазэщи, «Кавказ Ищхъэрэ курортхэр» ОАО-м ди республикэм зыгъэпсэхупIэщIэхэр кьыщызэгъуех. Ахэр экономикэ и лъэныкъуэкIэ щхьэхуитщ. Курортхэм кьызэщIаубыдэ щыпIэхэр гъэнэгъуэным хуэунэтIа Iэхъуэгъуэхэр иджыри иокIуэкI. ЗыгъэпсэхупIэхэм зэрыщыщIэм хуэдизкIэ Дзэлыкъуэ куейм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ, щыхум и Iэпкълъэпкым сэбэпшхуэ хуэхъу, псынащхьэ хуабэхэм кьыщызэIуахыну «Джилы-Су» турист-рекреацэ комплексри.

Балъкъ и псыхъуащхьэхэмкIэ Iащащхьэмахуэ лъапэщIэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ щхьэхуит щыпIэр Дзэлыкъуэ куейм кьыхагъэкIыным пыщIа лэжьыгъэхэр мы зэманым зэгъуэгу ирагъэкIуэкI КъБР-м и Правительствэм абы теухуауэ иIэ комиссэмрэ районым администрацэмрэ. Европэм щыпэхъ лъагэ дыдэ бгым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щащ щхьэщхьэм щыпIэхэмрэ зи узынщагъэр зэтеслъэгъуэрэ ежьмрэ хуейхэмрэ гъэм и зэман псоми екIуалIэ хъунущ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм инвестицэ политикэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэ Герузовэ Мадинэ зэрыкIэмкIэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ щхьэхуит щыпIэ Дзэлыкъуэ куейм кьыхэрыхагъэщхьэхукI кадастр лэжьыгъэхэр и кIэм нэблагъащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Щэнхабзэ

Iэзагъ ин яхэлът

Налшык егъэджэныгъэмкIэ и департаментым зи школ №1гъуэгу иэмыса цIыкIуэхэм пащIэ япэу кьызэрагъэпэща фестивалым, «Гъатхэ псыпыкъхэр» зыфIащым, и гала-концерт кьыжьэкIащ кьалэм дэт лицей №2-м.

ЗИ ШКОЛ кIуэгъуэ мыхъуахэм щадэлажьэу щыхьэрым дэт Iуэхъущ Iапэхэм я гъэсэн щыкIуэхэм Iэзэу ягъэльэгъуащ гъатхэм дахагъэр дзрэжэгъуэу хэль псори наIуэу кьызыхэщ макъамэ теплъэгъуэхэр. «Гъатхэм фдежа?», «Гъэгъахэм я валъс», «Мэкъумэшхэм ЕIхэр», «Джэдкьей нэфIэгуфIэхэр» зыфIаща кьафэхэр, «Сабийхэм дыгъэр кьатумых», «ТекIуэныгъэм и кадриль» хореографие едзыгъуэхэр сыткIи теухуат сабиигъуэ дахэм. КьищынэмыщIауэ, цIыкIуэхэм ягъэзэщIащ дыкъэзыуэхурееихь дунеймрэ гъатхэмрэ ехьэлIа уэрэдхэмрэ уэсхэмрэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа, кьалэ администрацэм и лэжьакIуэхэм сабийхэм ягъэльэгъуа Iэзагъым хуэфащэ гулъытэ хуащIащ икIи фIыщIэ псалъэкIэ зыхуэгъэзащ зи школ кIуэгъуэ нэмыса цIыкIуэхэм я къаруу емыблэжу яд-лэжьа егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

Дэтхэнэ зыри хьэщыкъ ещI

Хьэсэней дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIащ Налшык и музыкэ егъапIэ №№1, 2, 3-хэм, гъуэзджэмкIэ сабий школ №1-м, эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ кьалэ гъэсэнхэр зыхэта отчет концерт.

МАХУЭШХУЭ программэм еджакIуэхэм Iэзэу щагъэзэщIащ урысей, дунейпсо классикхуэ Прокофьев, Бабаджанян, Моцарт сымэ я Iэдакъэщ Iэкl цIэрыIуэхэр.

Мы махуэм абыхэм я гукъыдэжыр кьиIэту утыку кьрахащ Моэз Владимир и «Гуащхьэмахуэ» произведенэр. Ар игъэзэщIащ гъуэзджэмкIэ сабий школ №1-м и гъэсэн, творческэ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэу Сочэ щызэхэтам и япэ ахуэрет Къардэн Мурат.

Сабийхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр кьыщащыта мы зэпеуэм уэрэд жьыIныжкIи цIыкIуэхэм зэфIэкIыфI кьаугъаIуэгъуащ. Апхуэдэу Бознева Лейларэ Хьэщ щэ Эльмирэрэ дахащэу ягъэзэщIащ «Боз алаша», «С печалью осени» уэрэдхэр.

Пшыхьым кьрихьэлIа дэтхэнэ зыри хьэщыкъ ящIащ адыгэ кьафэхэм. Абы гъэщIэгъуэнэщэу хагъэзэгъат «УпщIэм кьыдэкIуэ кьызыщыгъэхъуныгъэхэр» зыфIаща гъэльэгъуэныгъэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ кхъуэхьэр.
Сурэтыр Бёлль Джеймс ищIащ. 1840 гъэ

Ещанэ, еплIанэ къыдэкIыгъуэхэр

**Сабийхэм папщIэ журналым и ещанэ кьыдэкIыгъэр ТIощ-джэнщIыкIу Алий и «Гъатхэ» уэсэмкIэ кьызэIуех. Адэкъ Балъкъэр Кьулышбий итхьа «ТIыкIэ лъапIэ» псысэр теухуауэ Мэчэм хьэщыщ кIуэну зызыгъэхьэзыр хьэжыр «Сыт кьыфхуэсхьын?» жиIэурэ, и пхъунщым зэреупщIам, ахэр зыщIэлъэIуахэм. Хьэжым япэ щIыкIэ кьыгурыIуакьым ипхъу нэхьыщIэр зэнэзныпскIэ фIэкI щIэмылъэIуар. Ауэ адэр хьэжыщI кьакIыжа, ипхъухэр кьыщIельэIуахэри игъэззащIа нэужь, пхъу нэхьыщIэм зэнэзныпсымкIэ хущхьуэ гуэр зэхищIэу, куэд щIауэ сымаджэу пIэм хэль и анэр щигъэхъужым, псори гурыIуэгъуэ хъуащ.

АДЭКIЭ мы къыдэкIыгъуэм фыкьыщыеджэнщ ПхытIыкI Юрэ и уэсэ гуп.

Уэзы Мухьэмэд итха «Джэгуным пIалъэ иIэщ» рассказ кIэщIри едгъэхэм ягу зэрырихьыкIынум щэч хэлъкъым.

КьыкlэлъыкIуэу «Нурым и гуъдэжм» кьощ фIыуэ едзэ ныбжьыщIэ цIыкIу зыбжанэм я сурэтхэр.

«Кьуажэхъ уджэгунымэ, кьеблагъэ» Iыхьэм итщ адыгэ кьуажэхъ зыбжанэрэ абыхэм я жэуапхэмрэ. «НыбжьыщIэ къэфакIуэ Iэзэ» тхыгъэ кIэщIым Хьэту Пётр щыдегъэщIыжы Налшык 28-нэ курыт еджапIэм и 1-нэ классым щIэс Лъуп Лианэ. Лъэпкь еджэрабзэ дахьэха хъыджэбз цIыкIур гъэльэгъуэныгъэхэм, зэпеуэхэм хэтащ, екъулIэныгъэфIм эыIэригъэхьащ.

ТекIуэжь Заретэ «Гуащхэм я дуней тельыджэ» зыфIища тхыгъэр топсэльыхь налшыкдзэ Хъуран Жаннэ гуащэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIыным зэрыхуэIэзэм.

«Ди анэдэлъхубзэ» тхыгъэр «Нурым» кьыгъэхьащ Налшык гимназие №1-мэ 5-нэ «А» классым щIэс цIыкIуэм. Ахэр ирогагъ я классым адыгэбзэкIэ мылсэлъэ зэрыщIэмысым, ди щIыпIэм щыпсэуэ псэущхьэхэм, кьыщыкI кьэкIыгъэхэм ятеухуа псалъэзэблядзэкэр зэхалъхьэфу зэрызэрагъэсам.

Адыгэ лъэпкым кьыхэкIа цIыхухэуэхэм я сурэт Iэзэу зэрищIымкIэ цIэрыIуэ хуэда сурэтыщIу Мэлбахъуэ Мадинэ. Журналым тетщ Мадинэ дзэыгъэцIыху тхыгъэ кIэщI, абы и лэжьыгъэхэу Щоджэнщ-цIыкIу Алийрэ Къардэнгъущ Зырамыкъуэ я сурэтхэр.

«Iущцыр» Iыхьэм фыкьыщеджэнщ цIыкIухэм ятеухуа гушыIэ кIэщIхэм.

Адэкъ, сыт щыгъуи хуэдэу, тетщ «КьэщIэрей и Iыхьэр». Мыбы кьыщывгъуэтынщ псалъэзэблэдз, нэтхъыскъыкн хуей псалъэзэр, ребусхэр, нэгъуэщIхэри.

Еплlанэ номерыр кьыщIедзэ Джэдгъэф Борис и «Бзубубзэ» уэсэмкIэ. Тез ФатIимэ и «ЕхъулIэныгъэ» еджапIэм» тхыгъэр топсэльыхь Налшык дэт а школым и IуэхущIафэхэм.

Хьэрэшым теухуауэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэпеуэм увыпIэ нэхьыщхьэр щигубдащ ди республикэм и «Бекчэт» («Кьуршыбгъэ») экипажым. Абы хэтхэм я ныбжьыр зэрыхьур илъэси 10 - 15-ц. А экипажым и IуэхущIафэхэм дахетъэгъуэзэ Шагъыр Аэзмэт. Адэкъ фыкьыщеджэнщ Хьэх Сэфарбий итха «Папэ, мамэ, сэ, си Наур» рассказым.

КIэльыкIуэу тетщ КIуащ БетIал и усэхэу «Роэз», «Епэр удэщ сэтэней» жыхуиIэхэр.

Мы кьыдэжьыгъуэми традзащ ди гъэнэтъу лъэпкъхэм я таурыхъхэм щыщхэр. Апхуэдэхэщ, псальэм папщIэ, «Шыдымрэ вымрэ», «Асльэнымрэ ехъуэпIащэмрэ» лак таурыхъхэр.

Адэкъ «Адыгэ псалъалъэ» Iыхьэм кьыщыфщIэнщ Къардэнгъущ Зырамыкъ зэритхыжамкIэ, языныкъуэ псальэхэр зищIысымрэ кьарыкIымрэ.

Жыласэ Заур итха «Чемпион ныбжьыщIэ» тхыгъэр топсэльыхь Налшык дэт 5-нэ курыт еджапIэм щIэс Бахьуэ Аскэр теннисым кьыщихьа ехьулIэныгъэхэм.

КьыкlэлъыкIуэу тетщ псальэзэблэдз.

Мы кьыдэжьыгъуэм «Нурым и гъудэжм» кьощ Шэджэм Хьэх Сэфарбий итха «Папэ, мамэ, сэ, си Наур» рассказым.

КIэльыкIуэу тетщ КIуащ БетIал М., 2-р - ПащIэ А., зырызыр Таучэщ Ж., Токъмакъ А. сымэ ехьэлIащ.

Республикэм и прокурорым и кьуэдзэм и унафэм хэпIуа ныкъуэ. Фондым и комиссэм хэт псори административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Улахуэхэр иратыж

Май районым и прокуратурэм лэжьыгъэмкIэ закономрэ ехьэлIа зэрагъэзащIэр кьипщытащ.

А IУЭХУР щрагъэкIуэкIым Котляревскэ станицым и амбулаторэм улахуэмкIэ щыхуэу сом мини 106-рэ 888-рэ телъу кьахуагащ. «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм ар сом мин 428-рэ щыхьурт.

Къэпщытэныгъэхэм кьарикIуэхэм ялкъ иткIэ, районым и прокуратурэм куейм и зэзыгъэкIуж судым тхыльэ 57-рэ иритащ. Суд унафэхэм тету, «Котляревскэ станицым и амбулаторэ» кьэрал бюджет Iуэхущ-IапIэм и лэжьакIуэ 16-м, «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм щыщу 41-м я улахуэхэр Iэрагъэхьажащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Ныкъусаныгъэхэр къыщIагъэщ

КъБР-м и прокуратурэм кьипщытащ «Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуэфащ тещIыкIыуэ хьэпшыпхэр къеГъэщэныжмкIэ, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэныжмкIэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыныжмкIэ заказэхэр зэрыхагъащIэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №94-ФЗ-м къигъэувахэр УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэкъудамэм зэрыщагъэзащIэр.

КъЫЗЭРАХУТАМКIЭ, аукцион зэзыхуэу пщыкIуэ, котировкэ щIэупщIэныгъэу тIу электрон Iэмалкlэ щагъэзащIэкIуэкIым хабзэр кьызэпаудащ. Абы кьыхэкIыу, республикэм и прокурорым и къэзэ Паврешин Юрэ, УФ-м и КоАП-м и 7.30-нэ статьям зэрыщыбзыхуам тету, административнэ кьуанщагъэ зылэжьакэм яхуэгъэзауэ Iуэхуи 10 кьызэIуихащ. Абыхэм ящыщу 6-р Фондыр зыхуейхэм папщIэ къэрал заказхэр хэзыгуащэ зыуэщыщыт комиссэм и унафэщI Кlуащ М., 2-р - ПащIэ А., зырызыр Таучэщ Ж., Токъмакъ А. сымэ ехьэлIащ.

Республикэм и прокурорым и кьуэдзэм и унафэм хэпIуа ныкъуэ. Фондым и комиссэм хэт псори административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Дигу филъынущ

Курыт еджапIэр кьэзыуахэм сэри сащыщщ. Абы зи гур дэмышIейтей еджакIуэ къэгъэуэтыгъуейщ. Сыту жыпIэмэ, ар зы гъащIэ Iыхьэу кьызэгъэпэщащ. Илъэс 11-кIэ дызыдеджа ди ныбжьэгъуэхэмрэ я кьару емыблэжкъ кьыздэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ дэ сыт щыгъуи ди гум итынущ.

ДИ УНАГЪУЭР яфIэфу зэджэ «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, сэ псалъэ гуапэкIэ зыхуэзгъэзэну сыхуейт дэ фIыуэ ттьагъу, адыгэбзэмкIэ ди егъэджакIуэ Хьэжьэгу Антисэ.

Антисэ щапхъэ зытрах, щIэныгъэ куэ зыбгъэдэлъ щIыхущ.

Хьэжьэгуэм и дерсхэм дэ дыщагъэзгъуэзащ ди бзэм и кьулеягъым, ди лъэпкъ тхыдэм, литературэм, щэнхабзэм я къежьапIэхэм. Псом хуэмыдэу дэ дигу итынущ егъэджакIуэм Iуэрыль бзэ Iэфым. Антисэ хуэдэ щIыхь гуапэхэрэ кьыхьсюхуэ дучейр зыдэщIэращIэр. Сэ си гуапэу сохъуэхъу ар иджыри иныэс куэдкIэ и Iэщ-Iагъ щхьэпэм узынтъу ирилэжьэну, дэ тхуэдэ кьэджэкIуэ куэд гъащIэ гъуэгу дахэ тригъэувэну.

ДУДЕЙ Заремэ,
Нартксалъэ дэт курыт еджапIэ №6-р кьэзыух.

● Гуапагъэ

Дигу филъынущ

Курыт еджапIэр кьэзыуахэм сэри сащыщщ. Абы зи гур дэмышIейтей еджакIуэ къэгъэуэтыгъуейщ. Сыту жыпIэмэ, ар зы гъащIэ Iыхьэу кьызэгъэпэщащ. Илъэс 11-кIэ дызыдеджа ди ныбжьэгъуэхэмрэ я кьару емыблэжкъ кьыздэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ дэ сыт щыгъуи ди гум итынущ.

ТЕРСКОЛ щыщ школкIуэхэм хоккейр фIыуэ яльэгъущ икIи илъэс етIуанэ хуауэ мылыльэ утыкум зыщагъасэ.

ИлъэситкIэ ерыщу зызыгъэсэ хоккеист ныбжьыщIэхэм нэхъ тегъэныныкъуэу я спорт лIэужьыгъуэм зыхагъэсыгъэззну мурад ящIащ. КьагурыIуэрт абы хуэхэа щыгъын щхьэхуэу уимыIэу спортсмен цIэрыIуэ узэрымыхъуфынури, Урысейм хоккеймкIэ и федерацэм и унафэщI Третьяк Владиславрэ ахьуагъэзэну трауэращ. Командэмрэ школымрэ кьабгъэдэкI, республикэм хоккейм зыщагъэзужьыным теухуауэ ящIа гукъэкIэр зэрыт пчъхэ хуагъэхьащ абы. «Ди республикэм щIымахуэ сопт лIэужьыгъуэхэм ящIущу бгы-лыжэ спортым нэхъ зыщIужьащ. Иджы дэ гукъэкI тщIащ хоккейм ерыщу зыхуэдгъэсэну, республикэм япэу а спорт лIэужьыгъуэмкIэ командэ кьыщыщIэгъэпэщыну. Ди мылыльэ утыкур хоккейм кьигъэув мардэм хуэщIащ. ПщIэ зыхуэтщI Владислав Александрович, ди гупым хоккейм хуэхэа спорт щыгъын щхьэхуэхэр кьыхуебгъэхьамэ, сэбэпшхуэ кьыхтхуэхъунут. Дэ дыхуейщ ерыщу зыгдгъэсэну, кьэралым и командэ нэхъ лъэщ дыхъуну. ТльэкI кьэдгъэзэнэкъым ди гупым дыльIэсыжьхэр», - хуатащ терсколдзэсхэм Третьяк Владислав.

Письмор зыхуагъэхьам ныбжьыщIэхэр куэдрэ зригъэжьакъым - мазэ дэкIуэу арат Урысейм хоккеймкIэ и федерацэм кьипсэлъыкIыу, спорт щыгъынхэр кьызэрыгъэзхьар кьыщыжраIам.

«Айй-Би-Си промстрой» трестым и унафэщI Попович Виктор школкIуэхэм яхуигуэшащ профессиональнэ клюшкэхэр. ЕджакIуэхэм я адэ-анэхэм, депутатхэм, кьуажэдэсхэм хоккей щыджэну мылыльэм зыгъэшIыпIэ хуабжьу кьыщызэрагъэпэщащ.

Езы ныбжьыщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, иджы ахэр кьызыхуэут щыIэкъым къэралым хоккеймкIэ и командэ лъэщ хъун, дуней псом кьыщащIыхун щхьэкIэ.

Кьуажэм и егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми фIыщIэ ин хуащI Урысейм хоккеймкIэ и эксперт-криминалистикэ центрым ягъэхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● Футбол

Яп топым хьэлэмэтагъыр докIуэд

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 2:5 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Макъуэуэгъуэм и 3-м. ЦIыху 9000 еплъащ.

Судьяхэр: Николаев (Мэскуу), ЦIолвальников (Астрахань), Лебедев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Суслов, Тимошин, Овсиенкэ, Багаев (Руа, 46), Чеботару, Концедалов, Коронов (Абазэ, 80), Сирадзе, Медведев, Аверьянов (Буйтрагэ, 58).

«Крылья Советов»: Веремко, Тараное (Божин, 82), Амисулашвили, Бруну Телес (Махмудов, 20), Ангбэ, Горе, Немов, Драгун, Балийкин (Кузьмичев, 77), Максимов, Портнягин.

Топхэр дагъэкIащ: Ангбэ, 33 (0:1). Портнягиным, 55 (0:2). Ангбэ, 71 (0:3). Махмудовым, 78 (0:4). Сирадзе, 86 (1:4). Сирадзе, 90 (2:4). Портнягиным, 90+2 (2:5).

Дагъуэ хуащIащ. Амисулашвили, Балийкиным, Тимошиным, Сусловым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм кIуэн папщIэ махуэку блэкIам Самарэ щрагъэкIуэкIа яп зэIущIэм 0:2-уэ кьызэрыщыхагъэщIам налшыкдэсхэм я Iуэхур хуабжьу гугъу ищIат. Арщхьэкlэ яхузымыгъэзэщIэн кьалэн я пщэм кьыдэхуатэкъым. Абы папщIэ нэхъапэм яIэщIэкIа щыуагъэхэм зыщащхьумэу, езыхэм я Iамалхэр кьагъэсэбэпын хуейуэ арат. А Iуэхумкlэ дэIэпыкъуэгъу нэс яхуэхъуну хьэзыпт зыкъом щIауэ кьэмыхъуауэ стадионым цIыхур иэу кьызэрекIуэлIар. Абыхэм я макъи кьарри кьызэрихьлIэ «Спартак-Налшыкыр» трагъэгушхуэт.

«Крылья Советов»-ри зыщIапIэ кьэкIуауэ аратэкым, ар хуейт премьер-лигэр абы нэхъ зэрыхуэфащэр псоми наIуэ ящищIыну. ИкIи яп дакъикъэхэм хэгъэрейхэм кьызэрагъэпэща ебгъэрыкIуэныгъэхэр ягъэущIыIри, езыхэр ипэкIэ кIуэтащ. ЗэIущIэм и етхуанэ-еянэ дакъикъэхэм кьрирубыдэу абыхэм Iэмал гъуэзэжа зэтIущ лIащ, арщхьэкIэ кьащхьэмыгъэсэбэпым «етIысхьыжащ».

Адэкlэ налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм и чэзур кьэсащ. Абыхэми Iэмал хъарзынэхэр кьызэрагъэпэщ. Нэрылъагъут мы зэIущIэм япэу щыдагъэкI топым куэд дыдэ зэрелытар. «Спартак-Налшыкым» ар кьехъулIэмэ, «Крылья Советов»-м ущIехъуэпсэн щIэтэхъкъым. Ауэ самарэдэсхэм бжыгъэр кьызэIухахэ, джэгур абдежым щыбгъэувыIэ хъунут.

Ди жагъуэ зэрыхуэщи, дыззэрихуэмейм хуэдэу IуэхуI зыкъызэридзэкIащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэм дихьэха налшыкдэсхэм хьэщIэхэр кьызэрыкIуэцIрыжам гу лъатакъым икIи «Крылья Советов»-м и гъущхьэхъуэ-мэ Ангбэ и командэр яп иригъащащ. Ар кьыщыхъуа 33-нэ дакъикъэм джэгур кьагъэувыIами хъунут - гурыIуэгъуэ налшыкдэсхэм абы и жэуапу топиплI зэрыдамыгъэкIыжьыфынур. НэгъуэщI бжыгъэм арэзы кьищIыр хьэщIэхэрат.

Iуэхур зытетыр кьызыгурыIуа ди футболистхэм я пIэр щIэхуащ. Топджэгум епльыну кьэкIуахэри, командэхэм загъэпсэхуну кьызэрикIыу, зэбгрыкIыжу хуейкъащ. Адэкlэ хьэлэмэт щыIэжтэкъым. ЦIыпр напэтехщ. Джэгум и етIуанэ Iыхьэм ирагъэкIуэкIа сыхьэт ныкъуэм бжыгъэр 0:4-м щынэсат. Абы иужькIэщ Сирадзе топитI дигъэкIыу тIэкIу ди напэр кьущитхъэщIыжар. Арщхьэкlэ кIэух бжыгъэр зыгъэувар хьэщIэхэрщ. Абдежым мыгъэрей зэхьэзэхуэр щиухащ.

ЗэIущитIым ялкъ иткIэ кьыхагъэщащ Хабаровск и «СКА-Энергия»-ри. Абы 2:0, 1:0-у Дон Iус Ростов и «Ростов»-р кьефIэкIащ.

Мы зэIущIэхэм, нэгъабэрейхэми хуэдэу, кьагъэльэгъуащ премьер-лигэм и командэ кьыкIэрыхуэхэр (13-нэ, 14-нэ увыпIэхэр зыубдахэр) яп дивизионым щыпашэхэм (3-нэ, 4-нэ) хэпщIыкIыу зэрефIэкIыр икIи ахэр зэпэщIэбгъэувэкIы мыхьэнэ зэримыIэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Спорт

Терскол хоккейм зыщыхуагъасэ

2012 гъэр кьыхъэным и пэ кьихуэу Терскол къуажэм дэт курыт еджапIэм метр зэбгъэщIэнатIэ 1000 хъу мылыльэ корт кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Апхуэдэ тыгъэкIэ абыхэм ахуэупсащ Эльбрус жылагъуэм и щIыпIэ администрацэр.

ТЕРСКОЛ щыщ школкIуэхэм хоккейр фIыуэ яльэгъущ икIи илъэс етIуанэ хъуауэ мылыльэ утыкум зыщагъасэ.

ИлъэситкIэ ерыщу зызыгъэсэ хоккеист ныбжьыщIэхэм нэхъ тегъэныныкъуэу я спорт лIэужьыгъуэм зыхагъэсыгъэззну мурад ящIащ. КьагурыIуэрт абы хуэхэа щыгъын щхьэхуэ уимыIэу спортсмен цIэрыIуэ узэрымыхъуфынури, Урысейм хоккеймкIэ и федерацэм и унафэщI Третьяк Владислав ахьуагъэзэну трауэращ. Командэмрэ школымрэ кьабгъэдэкI, республикэм хоккейм зыщагъэзужьыным теухуауэ ящIа гукъэкIэр зэрыт пчъхэ хуагъэхьащ абы. «Ди республикэм щIымахуэ сопт лIэужьыгъуэхэм ящIущу бгы-лыжэ спортым нэхъ зыщIужьащ. Иджы дэ гукъэкI тщIащ хоккейм ерыщу зыхуэдгъэсэну, республикэм япэу а спорт лIэужьыгъуэмкIэ командэ кьыщыщIэгъэпэщыну. Ди мылыльэ утыкур хоккейм кьигъэув мардэм хуэщIащ. ПщIэ зыхуэтщI Владислав Александрович, ди гупым хоккейм хуэхэа спорт щыгъын щхьэхуэхэр кьыхуебгъэхьамэ, сэбэпшхуэ кьыхтхуэхъунут. Дэ дыхуейщ ерыщу зыгдгъэсэну, кьэралым и командэ нэхъ лъэщ дыхъуну. ТльэкI кьэдгъэзэнэкъым ди гупым дыльIэсыжьхэр», - хуатащ терсколдзэсхэм Третьяк Владислав.

Письмор зыхуагъэхьам ныбжьыщIэхэр куэдрэ зригъэжьакъым - мазэ дэкIуэу арат Урысейм хоккеймкIэ и федерацэм кьипсэлъыкIыу, спорт щыгъынхэр кьызэрыгъэзхьар кьыщыжраIам.

«Айй-Би-Си промстрой» трестым и унафэщI Попович Виктор школкIуэхэм яхуигуэшащ профессиональнэ клюшкэхэр. ЕджакIуэхэм я адэ-анэхэм, депутатхэм, кьуажэдэсхэм хоккей щыджэну мылыльэм зыгъэшIыпIэ хуабжьу кьыщызэрагъэпэщащ.

Езы ныбжьыщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, иджы ахэр кьызыхуэут щыIэкъым къэралым хоккеймкIэ и командэ лъэщ хъун, дуней псом кьыщащIыхун щхьэкIэ.

Кьуажэм и егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми фIыщIэ ин хуащI Урысейм хоккеймкIэ и эксперт-криминалистикэ центрым ягъэхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дыгъуакlуэр яубыд

Нартксалъэ и полицейхэм сом мин 200-м щIигъу хэщIыныгъэ къэзыша щIэпхъеджагъэр сэтей къащIащ.

Урысей МВД-м Аруан куейм и кIэ и къудамэм зыхуэзыгъэза нартксалъэдэсым и гаражым щIадагъуэкIат сом 212490-рэ. Къэльысыгъэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым бзаджащIэр яубыдащ. Ар 1991 гъэм къалъхуат, а щIыпIэм щопсэу.

Мыпхъор зейм Iэрагъэхьэжащ. Яубыдам теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ.

Шэч хуащI

КъБР-м щыIэ МВД-м и и УГИБДД-м и гъэзэгу-пIыыр кьуулыкъуэм и лэжьакIуэхэм «Урыху» постым дежи щаубыдащ 1983 гъэм къалъхуа, Владикавказ щыпсэуам зэрилъаныуэ ВАЗ-219060 автомашинэр.

Автотранспортыр кьыщапщытэм кьагъуэтащ шэч кьызытрахьа акциз дамыгъэхэр зытегъэуа, зыхуэфащэ дэфтэрхэр зыщIымыгъу «Русская метелица» аркъэ птулькIэ 200.

Iуэхур зэхагъэкI.

Аргуэру къапэщIохуэ

**Нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щытащ, 1967 гъэм къалъхуа нартандэс щыкуэдыр аргуэру яубыдащ. Прохладнэ куейм и медицинэ Iуэхущ-IапIэхэм ящыщ зым и узынщагъэм щыкIэлъыгъэ-пIэлъу, абы Къэрэшей-Щэрджэс щыщ, щыхуэбз къигъэгугъащ «Унагъуэщ-Iэ» федеральнэ программэм зэрыхагъэхьэ дэфтэрхэр хуэзэригъэпэщыну. И Iуэхутхьэбзэ нэхъщыкIэм пэнэIуэм абы сом мин 85-рэ кьыихащ.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхутъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэу зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хутыныгъэр зэхуэмыдэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылласэ Заурбэч (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьыс секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэшIэныдзэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIэхъэщымыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редакторэ нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ IуащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Iуэхущ-IапIэхэм ядлэжьэныжмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ-IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэ елэмыхэхэм; жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактор Багъэтэр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1, 2-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дизайнерыгъэу Мыр-зэкъан ФатIимэ. Компьютерыр газетым и тепIэр яIащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1378